ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕЙ ХЕКУАТЛЬ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№№29-30 (21.938) ● 2011 гъэм мазаем (февралым) и 19, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Кавказым трагъэІукІа пцІыхэр зэрымыпэжыр

псоми нэрылъагъу ящытщын хуейщ

**Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и адрей щІыналъэхэм ящІыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм энергиер зэгъэзэхуауэ къаГъэсэбэпынымкІэ технологиехэм я лъэныкъуэкІэ бгъэдэлъ зэфІэкІхэр щигъэлъэгъуащ Красноярск къалэм щекІуэкІа экономикэ зэхьыкъэшхэм. «Къалэ зэІуэпэщ» выставкэу УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдз. УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэ Хлопонин Александр зэпІьам «Телемеханика» акционер обществэ зэІуэм утыку къыщырилъхьащ. ГъэзэгъэкІ, лъэс зекІуапІэхэм, гъэгу зэпрыкІыпІэхэм къыщыгъэсэбэп Іэмэпсымэу диод уэздыгъэхэр зэрыльхэр, унэхэмрэ уэрамхэмрэ щыфІадзэ диод уэздыгъэхэр, гъэзэгъэкІ щыІэ щытыкІэр къызэрыщытэ Іэмэпсымэхэр, автомобилхэм ирагъэувэ навигацэ Іэмэпсымэхэр.

КЪБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкІэ и министр **Мусуков Алий** зэрыжиІамкІэ, адрей щІыналъэхэм хуэмыдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым игъэльэгъуахэр псори зэтраухуауэ къыщІагъэкІ хьэпшыпщ. Гъэльэгъуэныгъэм кІрыхьэІахэм зэзэкъыпэгъуу къыщызрадзыгъаМкІэ, Кавказ Ищхьэрэм и щІыналъэхэм къызэрагъэпэща экспозицэр мы зэхьыхьэшхэм щынэхъ къыщыгъуэм дыдэу щытащ. Ди щІыналъэхэм я Іуэхущ Іэпхэм Сыбырым щыпсэуэхэр щыгъуазэ ящІащ иджыпсту округым и экономикэм и щытыкІэр.

Зэхьыхьэшхуэм и япэ махуэм Хлопонин Александр, Краснаярск крайм и губернатор Кузнецов Лев, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Ингуш Республикэмрэ я президентхэу Къанокъуэ Арсен, Бекуров Юнус-Бек сымэ Кавказым щыщу Красноярск крайм щыпсэуэхэм яІущІащ. Ди щІыналъэм щыщу Сыбырым исхэм къыхагъэщащ ахэр а щІыпІэм щыІэхэм икъукІэ фІыуэ зэрахъэзэгъар, абыхэм яку зэгурыІуэныгъэрэ гупагъэрэ зэрыдэлэрыр, езыхэр щыпсэуну икІи щылэжьыну мыбы къызэрыкІуам зыкІи зэрыхуущІемыгъуэжьыр. Абыхэм ящыщ кІэдым езыхэр зыхэпсэуэрыкІ Іэнатіэкэр къызэрагъэпэщащ, къулыкъукІи я Іуэху докІ. Къапщтэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ «Норильский никель» комбинат абрагъуэм и генеральнэ директорым и къуэдз Хьэгъэжей Джонсон, Урысейм щІыхь зиІэ и художникэ, Урысейм Художествэхэмкіэ и академием и член-корреспондент Пащты Герман сымэ. Кавказым икІауэ крайм исхэм я гуапэу къыхагъэщащ мы экономикэ зэІущІэшхэм хиубыдэу Кавказым и Махуэ илъэс зыбжанэ хъуауэ зэрырагъэкІуэжІыр икІи а жэрдэмыр мы щІыналъэм и Правительствэмэ Краснаярск къалэм и администрацэмэ зэрыдалъэр. Ди щІыхъэм езыхэм яхуэфащэн увыпІэ Сыбырым щауфыдащ, ауэ щалъхуэ щІыналъэри зыщагъэгъупщэркъым, абы щекІуэкІхэм набдзэгубдзапІъэу хущІыщ икІи ди дежь мамырыгъэр зэгурыІуэныгъэри щыІэн папщІэ зэрахуэзэфІэкІкІэ зыкъыщІагъэкъуэну хьэзырщ. Апхуэдэ мурадкІэ Пащты Герман къыхилъхьащ «Кавказым - мамырыгъэ» гъэльэгъуэныгъэр къызэрагъэпэщу, ар лъэпкъ зэмылІужьыгъуэхэм къахэкІахэм я зэкъуэтыныгъэм хуагъэпэжьну.

КЪБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен къигъэльэгъуащ Сыбырым щыпсэуэхэр Кавказым щыщ щІыхухэм гупэу къаззэрыхущытым, лъэпкъ зэхэгъэжь зэрамыщІым, къызыхэкІа лъэпкъым темыщІыхьауэ, абы и зэфІэкІымрэ бгъэдэлъ пэжагъымкІэ къызэрыальтэм зэрыщыгугфІыкІым. Псом хуэмыдэу ар гуапэщ Кавказымрэ абы исхэмрэ Іей куэд щытрагъэІуІкІа мы зэманым. «Ди щІыналъэм и щытыкІэр абы щыІэ щІэпхъаджащэ щхьэхуэхэм зэхащІыхьхэм тращІыхь. Апхуэдэ щытыкІэм икІэщІыпІэкІэ фІыкІэ зегъэхъуэжьын хуейщ. Щэч хэмыльу, дэ диІэщ дызэрыгушхуэн хуэщ. Абыхэм ящыщщ зи лэжьакІэрэ зэфІэкІкІэ щІпхъэу щыт щыху гъуэзэджэхэр. Ауэ дэ республикэм иІэпхъэкІэзэм дадэмылажьэу хьунукъым, ахэр щалъхуа щІыпІэм и лІыкІуэу, абы и пщІэр къІэтэныныкІэ жэуап яхуэ зэрыщытыр къагурыІуэзэным хуэунэтІауэ. Диаспорэзэр жьыджэру хэлэжьыхьын хуейщ щІалэгъуалэр гъэсэныр», - жиІащ Кавказкъэ Арсен.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщІ Меркулов Александр Зи пашэхэр хэтащ ЩІалэгъуалэ зэхьыхьэшхуэм и лэжьыгъэм. Абы хиубыдэу, къапщтэмэ, КЪБР-м и ЩІалэгъуалэ правительствэм хэтхэм «Егъэджэныгъэ», «ДэІэпыкъуныгъэ», «Жэрдэм» номинацэхэмкІэ проектхэр къыхэдгъэхьащ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іанэ.

Псори жэуапльныгъэм и деж къыщожьэ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэм ипкъ итКІэ, республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жьылагъуэ зэгугъэныгъэхэм ядэлажьэныкІэ и министерствэм зыкъэзрегъэпэщ «Къэрал сыхьэт» зыфІаща, къулыкъушІэхэмрэ щыбжьыщхьэмрэ щыІэхуэгъаазэ зэІущІэхэр.

Пащты Борис, Башиевэ Светланэ, Гертер Иван, Амщокъуэ ФатІимэт сымэ зэІущІэм хэту.

АПХУЭДЭЩ зэхьыхьэхэр щекІуэкІынущ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэу 7-м, курыт Іэщагъэ щызрагъэгъэ эт Іуэхущ щІапІэ 11-м, Налшык къалэ дэт школ псоми. Бластым и лІыкІуэхэр зэхъэсыдылІаэу щытыну еджапІэхэм зэІущІтку щрагъэкІуэкІынущ икІи абыхэм щытепсэльыхьынущ иужьрей илъэситхум Къэбэрдей-Балъкъэрым социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ я лъэныкъуэкІэ къыщыхьу зэхъуэкІынытьхэм.

Ятэ зэІущІэр мазаем и 16-м екІуэкІащ. А махуэм КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Гертер Иван** яку зэащ КЪБКЪУ-м и медицинэ колледжым и студентхэм. ЗэІущІэм хэтащ республикэм зэ ушыгъэр хьуэмэныкІэ и министр **Амщокъуэ ФатІимэт**, щІалэгъуалэм я Іуэхуэмрэ жьылагъуэ зэгъэхьыныгъэхэм ядэлэжьэныкІэ и министр **Пащты Борис**, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и къуэдзэ **Абазэ Барэсбий**, КЪБКЪУ-м и проректор **Башиевэ Светланэ** сымэ.

КЪБКЪУ-м и медицинэ колледжым и унафэщІ **Пшыбий Светланэ** зэІущІэр къызэІуихри, студентхэм яригъэщыхуащ къахуеблэгъа хьэщІэхэр икІи щыгъуазэ ящІащ зи гугъу ящІыну Іуэхугъуэм.

Сыт хуэдэ жэуапльныгъэ зыхэзэщІэ власткъэ? А упщІэм и жэуапыр къаззэрыгурыІуэр зэпкърахыу псальэмакъыр ирагъэкІащ.

- Ар щІыпІэм щыІэ хабзэхэр зыхуэдэмкІэ жэуап зыхь унафэщІхэр, - жиІащ Гертер Иван. - ЩІыхубэр фІы хуэкъуэзэлІэныным хуэгъэзащ. Бластым и лІыкІуэхэр зэзэгъыныгъэ зыхэлъ власткІэ уэзджэнрыгъ. Кавпщтэмэ, иужьрей илъэсхэм ди республикэм и зэІуэзэпэщ псэукІэм хуэунэтІа Іуэхугъэшхуэхэр ялэжьащ. Абы кьеГъэльагъуэ республикэ унафэщІхэм жэуапльныгъэ яхэлъу я къарлэныр зэрагъэзащІэр. Псори зыхуэунэтІыжар ди щІэблэм я пщэдейр дахэу, мамыру щытынырщ. Псом япэрауэ, фэлыгъыжащ фэ езыхэм фи къэкІуэнур. Нобэ фиІэ хэлъытырщ зэвгъэгъуэт щІэныгъэмрэ зэкъыфщхьэпэжьынрэ. Фэращ зэманр гъэзэгъум властым и Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрыувэнур, абы кІэхъкІыуи нобэ унафэщІхэм кърахьэжьа Іуэхуфлхэм къызэрыпыфщэн акъылрэ щІэныгъэрэ зэвгъэгъуэтын хуейщ.

Пащты Борис тепсэльныхьащ властым кьудамэ щхьэхуэхэм, ахэр зыр зым епхыжьауэ зэрыщытым. «Власть щымыІэу щыхубэр псэуфынукъым, - жиІащ Пащтым, - сыт щхьэкІэ жьпІэмэ Іэмал имыІэу зыгуэрым Іуэхур иунэтІын хуейщ. Фэ къывгурыІуапхъэщ: жэуапльныгъэ зыхэзэщІэ власть щыщыІэнур жэуапльныгъэ зыхэлъ щІыху диІэмэщ».

Амщокъуэ ФатІимэт и гугъу ищІащ нобэ республикэм зэушыгъэр хьуэмэ и Іэнатіэм щекІуэкІ зэхьуэкІныгъэхэм, зыужьыныгъэшхуэхэр абы зэрыхальхьэм и фыгъэкІэ, Унафэщым ягуэт медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр куэдкІэ зэрефлэкІуэнум, а псом кьыдэкІуэуи кьыхигъэщащ ІэщагъэлІхэр зэрахуримыкъуар, нобэрей студентхэм куэдкІэ зэращыгугъыр.

- Жэуапльныгъэ зыхэзэщІэ властым и закъуэкІэ Іуэхур зэфІэха къунукъым, - кьыпищащ псальэмакъым Башиевэ Светланэ. - Псальэм папщІэ, къэтщтэнщ унагъыр. Абы зы Іуэхугъуэ гуэр кьиухьуэмэ, унагъуэм щІэс дэтхэнэ зыми и арэзыныгъэ химыльхьэмэ, ар тэмэму зэфІэкІынущ. Абы кьыхэкІыну жылагъуэм кьыщыкІыну псомкІи дэтхэнэ зыри дыжьэуапТакІуэщ. Ди Іуэхур щыдэкІынур псоми зэхуэдэу я жэуапльныгъэр тхэльмэщ.

Абазэ Барэсбий кьыхигъэщащ сыт хуэдэ зэманми щІэныгъэм пщІэ иІэу зэрыщытыр, абы и щыхьэт кьигъэльэгъуащ егъэджэныгъэ Іэнатіэм зегъэужьыным мылькушхуэ зэрыхуэхьыр. «ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэль цыхуэм сытым дежи ищІэнрэ илъэкьынрэ игъуэтынущ», - жиІащ абы.

- Цыхуэм мурад гуэр зыхуигъэувыжу ар зэрызэригъэзэжьулІэным и гъэщІэ хуигъэпсу абы хуэжІэн хуейщ, - кьыхигъэщащ Гертер Иван. - Ди щІэблэм я къэкІуэнум, ди нэхъыжьхэм яІэну пщІэм дегупсысу дыпсэумэ, сыт хуэдэ гугъуехьи дыпэщІэтэхьынущ, дэтхэнэ ди мурадри зэдгъэхъулІэфынущ. Фым дыхъунльэу декІуэкІмэ, ди Іуэхур хьарэзынэу дэкІынущ.

ЗэІущІэм и кІэм властым и лІыкІуэхэм студентхэм я упщІэхэм жэуап ираташ икІи кьыкІэлыкІуэ я зэІущІэр щекІуэкІынури ягъэбелджыльащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІЭЗЭ.

● КЪБР-м и Правительствэм

ЗэфІагъэкІахэмрэ къапэщытхэмрэ топсэлъыхь

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Абрэзэк Іэдиб мазаем и 17-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм Іуэхугъуэ 40-м щыхэплъащ.

АПХУЭДЭЩ 2011 - 2013 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и цыхуэхэр, республикэм и кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуей сату щыІэнхэмкІэ кьыхэзрыэзрагъэзэнущу щыкІэм, «КЪБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкІэ и министерствэм и Іуэхукі» 2009 гъэм мэлыжьыхьым и 6-м республикэм и Правительствэм кьищта Унафэ №97-ПП-м зэхъуэкІынырэ зэхлъхьэныр, Къэбэрдей-Балъкъэрым Финансхэмкіэ, Промышленностымкіэ, связьмрэ информатэцэмкіэ, Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкіэ, Спортымкіэ, туризмэмрэ курортхэмкіэ, Лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкіэ, Уху эныгъэмкіэ, архитектурэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкіэ, Щынхабзэмкіэ и министерствэхэм, Тарифхэмкіэ и комитетым и коллегием хагъахьэнухэм теухуауэ республикэм и Правительствэм и унафэхэм я проектхэр, нэгъэуфІэкІэрэ.

Правительствэм кьищтащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкІэ и агентствэ» ОАО-м и устав мылькум сом мелуан 300-кІэ хэгъэхъуэныр зыщІэн теухуауэ къэрал мылькур зехьэныкъэ щы Іуэхуэхэмкіэ министр **Лъжьакъуэ Хьэбрурэслам** кьыхилъхьащ. Абы зэрыжиІамкІэ, акцэ щхьэхуэхэр республикэм и мыгъэрей бюджетым и хьэкъкІэ кьыдагъэкІынущ. А мылькур кьыщыгъэсэбэпынущ инвестицэхэр кьеушэлІэныным хуэгъэзауэ 65,5-рэ и чэхуэ ящІыкІауэ къэрал политикэр гъэзэщІэнщ.

ЗэІущІэм щедэІуащ «2010 гъэм псоми зэхуэдэу къагъэсэбэп щІыналъэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль Іуэгурыгъэмрэ уху эныгъэ Іэрыщіхэмрэ зехьэныгъэ мылькур гъэбелджыльным и Іуэхукіэ» 2009 гъэм щэкІуэгъуэм и 17-м КЪБР-м и Правительствэм кьищта Унафэ №290-ПП-р гъэзэщІа эзрыхуэам теухуауэ республикэм транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Харченкэ Юрэ** жиІаХэм. Къэпсэльам кьыхэзрагъэнухьыфІ Іэмалхэм дяпэкІэкІуэ 30 хуедгъэджащ икІи хуэдгъэсащ, Іэмэпсымэхэр хьэзыру зетхьащ. МафІэсым зэрыщІэзт гъуэгу километр 25-рэ духуащ, километр 45-рэ зэдгъэпэщыжащ, зыхуей хуэдгъэзащ, уда пІалрыгъуэр гектари 100-м дыкІэлъпІлъурэ щыдгъэсащ, зыгъэпсэхупІэ щІыпІэу 18 зэлъыутхащ, псы итыпІэу 9 ремонт тщІащ, нэгъэущ куэдри зэфІэдгъэкІащ, кьыгъэльэгъуащ кьэпсэльам. - Мэзхэр мафІэсым ящыхьумэным теуухуа хабзэхэр зэрагъэзащІэм дыкІэлъпІлъу кьэпщІэтэныгъэ 50 едгъэкІуэкІащ, протоколу 41-рэ яхуэттхащ, 26-м я кьуанщатэхэр едгъэлъагъуэжащ, щыхьу 15-м сом мин 40-кІэ детхьэкъуащ.

Къэрал комитетым и унафэщым и къуэдзэм кьыхэзрыгъэкІыгъэкІэ, нэгъэбэ мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 30 пщІондэ мэз фондым хэмыхьэ гектар 1953-м мафІэс 19 кьыщыхъуащ. Ахэр кьыхэкІащ мэкъумэш щІапІэхэм щхьэзыфІэфІу лыгъэ зэрырадзам, мэзыльэхэм пэгъунэгъу щІыпІэхэм тхьэмпэхэр, кІэрыхьубжьэрыхуэхэмрэ пхъэнкІийМрэ зэрыщагъэсам, Ахэр псынщІэу ягъэункІыфІащ. Зэрыщыту кьащытэмэ, нэгъабэ республикэм и мэзхэм мафІэс кьыщыхьуакъым.

Мы гъэм кьапэщытхэр игъэбелджыльа нэужь, зэхуэсахэр абы жиІам ирагъэ тхьуащ икІи Правительствэм и Унафэр кІэлъыплъыныгъэм щІахьыкащ.

Республикэм и санаторэкурорт комплексым и финанс щытыкІэр егъэфІэкІуэным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм нэхъапэуэкІэ кьихильхьар гъэзэщІэн щІадзащ. Абы ипкъ иткІэ, Президентымрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхэр зезыгъакІуэ Уэравленэм и Чайковскэ щІалэгъуалэм и обществэ зэІуэхуэ зэрахьэщІащ.

Финансхэмкіэ, лъжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкіэ министрэу **Бышэн Аэрэтрэ Тюбеев Альбертрэ** кьыхэалъхьэри, зэхьыхьэм щытеблэкІыпІэм «ХэрэпІо Іуэхугъэ жэ зэр» Іыхьэм, «ГъэтІылъыгъэ фондэр» Іыхьэ гуэдзэм хьихьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетым и хьэкъкІэ зыдэзІэпыкъунэхэр. Лъэлу кьэзыхьэ щыІэ 9-м псорэ зэхэту сом мин 947,6-рэ хуХхакынущ.

Нэгъэущ Іуэхугъуэхэмэ щытепсэльыхьа зэІущІэм хэтащ ЩІалэгъуалэ и Унафэщым и къуэдзэ **Уянаев Казым, Гертер Иван,** министрэхэр, кьалэ, районхэм администрацэхэм я Іэтащхьэхэр, къэрал комитетым я нэхъыжьхэр, ирагъэблагъа кулыкъущІэхэр.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алий.

● Лъэпкъ Іуэху

Къалэн нэхъыщхьэ

Хьэфыщ Мухьэмэд

ЛЪЭПКЪЫР псом яп зэкъуэзыгъэувэфынур анэдэлъхубзэмрэ адыгэ хабзэмрэщ. Адыгэбзэр хамэ кьэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм фІыуэ ящІэу щытамэ, ар щэрджэсу дунейм тетыну зэпызыщІэ лъэмыж бдзэ, лъэпкъ Іуэхухэр зэрызэдэтщІэ Іэмал ГъуэзэджэхъунуТ.

Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэри анэдэлъхубзэр хьумэным гугъу дохь, ар кьэралыбзэу республикищым щыщытми. Тынш атІэ нобэ хамэ щІыналъэ уису, уи лъэпкъым гулытэ лей кьыхуамышІу бзэр пхъумэну?

Ди жагъуэ зэрыхъущи, бзэр ящІэжу хамэ кьэралхэм щыпсэу адыгэхэм я бжьыгъэм махуэ къэхощ.

Къэтщтэнщ Иорданиер. Мы кьэралым адыгэ мини 100-м нэблагъэ щопсэу. 1970 гъэм анэдэлъхубзэмкІэ псалъэрт абыхэм я нэхьыбзэр. Нобэ адыгэбзэ зыІурылъыр мащІэ дыдэщ - проценти 10 - 15 хуэдизщ. Илъэс 36-рэ хъуауэ Амман дэтщ пащтыхьыкъуэ Хьэмза и цІэр зезыхъэ адыгэ курыт елжапІэ. Хьэщ Іэ кьахуэблагъэмэ, сабийхэм адыгэ уэрэд, усэ, псалмэтІурыпсалъэ, кьебжьей хуэдизкІэ кьыбжьаІфынущ, ауэ зыгуэркІэ уеупщІмэ, адыгэбзэкІэ зы псалъэуэра кьыбжьаІэфынукъым. АбыкІэ кьуанщагъэр егъэджкІуэм и закъуэ бгъэдэлъу схужьІэнукъым. Бзэр унагъуэм щыІэмкІуэмэ, школым щыбгъэтІылъ лъабжьэр махэ мэхъу, зэман докІри, зэтощэщэж. Ауэ, сыт щхьэусыгъуэу хуэхъуми, иджырей щІэблэр анэдэлъхубзэр ящІэу къэтэджыркъым.

Іуэхур щыпсэльхьэ щІатІэу зекІуэ щІэрджэсэр щыдакъуэ Тырку Республикэмэ. Мы кьэралым адыгэ мелуан 7-м нэс щопсэу. Ауэ я анэдэлъхубзэр зыщІэу яхэтыр мащІэщ - зы мелуан хьэн-мыхъунщ. Иужьрей зэманым Тыркум и унафэщІхэм кьалытащи я Хэкум лъэпкъ цІыкІу зыбжанэ зэрисыр икІи абыхэм я анэдэлъхубзэхэр яджкъыныкІэ хунтыныныр гуэрхэри ирату хуежьащ.

Анэдэлъхубзэм и Іуэхур щыпхъыдІт Сирием. Адыгэхэр зэуІуу щыпсэуэт Кьунейтрэ кьалэмрэ Джолан лъагапІэхэмрэ, лъэпкъ Іуэхуи зэрахъэрт. 1967 гъэм - махуих зауэм и зэманым - аухэ а щІыпІэм кьрахуащ икІи кьэралэ зыбжанэм щыхэгъэшца хъуащ. Иджы, Иорданием хуэдизу, Сириеми адыгэбзэм щрипсалъэм и бжьыгъэм фІыуэ кІэрыхуащ. ЩытыкІэр щыщІагъуэкъым Европэмэ Америкэмрэ. Анэдэлъхубзэр зэрагъэщІэн-зрамытыщІэныр мыбыхэми унагъуэ Іуэхуу, щхьэж зэрыхуейуэ щыщыту аращ, армыхъумэ кьэралыр зыкІи хэІэбэркъым.

Тхыдэм кьыхэзригъэльэгъуэжьмкІэ, щэрджэс мамлюкхэм ильэси 135-кІэ тепщэныгъэр щаІыгъащ Мысырии, Суданми, Ливиеми. Кьаруушхэрэ мылькуфІрэ зыбгъэдэлта адыгэхэм анэдэлъхубзэр яхъумэфакъым, сыту жыпІэмэ хэмэ-хэсым щыхуэзэфІэкІыр мащІэщ. Бзэр щыпхъумэфынур, зыщебгъэуэщІыфынур Хэкум и закъуэщ.

Иорданием 2009 гъэм щекІуэкІа адыгэ зэхуэсыщхуэри зытеухуар бзэр хамэщІым щыхъумэныр. ЗэІущІэм щагъэхэ кьалэныр зыт: «Адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ я центр Амман щыдухуэнущи, абы и проектым фешІэ, щыхэфІэтхьну ди гугъэм щыІуэтэ зыфІщІ». АрІуэху Іэмэму дэ кьэтпыдгъэкъым, сыту жыпІмэ бгъэ щадж, лъэпкъ щэнхабзэр щІэблэм щыбгъэдэлъхьу Іуэхущ ІапІэ зыбжанэ Амман щыІэщ. Апхуэдэщ пащтыхь Хьусейн бен-Талал яхуригъэщІа Адыгэ ФІыщІэ Хьэсэн и унэр. Абы къэфапІэ, зыгъэпсэхупІэ, джэгупІэ, лъэпкъ библиотеки, музеи, компьютер пэщи хэтщ. Абдежьм щыгъэбгащІэ хъунукъэ уи анэдэлъхубзэр, школым щыбджну уахуэмейм».

Зи гугъу тщІы центрым хуэдизщІэн хуейр адэжь щІыналъэращ. ЗэІущІэм дэ щыжьІтащ ди Іуэху епІлъкІэр.«Мы бы текІуэдну сом мелуан бжьыгъэ хамэщІым щыхэмыльхьу, абыкІэ Налшык е Мейкъуапэ реабилитацэ, реадаптацэ центр кьыщыгъэІутх хъунущ Хэкужьым къэзыгъэзжэм папщІэ». Абы псори хьырет: адыгэбзэр, урысыбзэр щрагъэдж школи, лъэпкъ кьафэхэм щыхуагъасэу, адыгэ хабзэм, щэнхабзэм гъунэгъу зэхуэзыдІ Іэнатіэкэр. АпхуэдизкІэ тщІымэ, Кавказым къэкІуэжьэр нэхъ тынщу лъэпкъым хуэзгъэжьнт. Ар ффІэмытэмэрэ - дэфщІыхь щэрджэс центр Израильм щыІэ адыгэ къуажитІым яящхэзым - Кфар-Камэ е Рихьэнше.

(КІэухур 5-нэ пэм.).

■ ЗэІущІэхэр ■ Махуэгъэпс ■ ТВ, радио нэтыкэр

КЪЭБЭРДЕЙ

Щэбэт къыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

● ЗэІущІэхэр

● Хэхьныгъэжэр

«Жылагъуэ къарум» зеужь

Иджыблагъэ Къэбэрдей-Балъкъэрым пІалъэ кІэщІкІэ щыІащ «Жылагъуэ кІэлъыплъкІэ» жьыхуиІэ. ХэныгъэкІэ зэхуэдэу Іуэхуэмрэ хьумэныкІэ хьэрычэтыщІэу щымыт зэгугъэныгъэхэм я Ассоциацэмрэ «Жылагъуэ къару» Урысейпсо зэгугъэныгъэмрэ я унафэщІ Ивановский Валерий.

АР ХУЭЗАЩ КЪБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ Джэш Вячеславрэ республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ Тау Пащыкъанрэ. Хьэщ Іэр тепсэльыхьащ зи Іэтащхьэ зэгугъэныгъэм и лэжьыгъэм и унэІныныгъэ нэхъыщхьэхэм - социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхугъуэ псомкІи жылагъуэмрэ къэрал унафэщІхэмрэ яку дэлъын хуей зэпыщІэныгъэм, «Жылагъуэ кІэлъыплъкІэ» федеральнэ проектым ипкъ итКІэ, хэныгъэхэм теухуа хабзэр зэрыгъэхьэсым.

Ивановскэм кьыхигъэщащ Урысей Федерацым и щІыналъэ 60-м Ассоциацэм и кьудамэхэр зэрыщыІэр. «Жылагъуэ кІэлъыплъныгъэм» и лэжьыгъэр нэхъыбэу тегъэщІащ хэхьныгъэхэр зэрыгъэхьэсым, ахэр зыкІэлъыплъныным, ахэр зыджакІуэ 4839-м сом мелуан 65,5-рэ и чэхуэ ящІыкІауэ къэрал политикэр гъэзэщІэнщ.

КЪБР-м Мэз хозяйствэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэ **Мэрем Мухьэмэд** зэхьхьэм щыгъэпкъыгъэ «2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэзхэр мафІэсхэм ящыхьумэным и Іуэхукіэ» нэгъабэ мазаем и 25-м республикэм и Правительствэм кьищта Унафэр зэрагъэзащІэр.

- Абы папщІэ, километр 2244-рэ зэщІэзыгъэхь, щытыкІэм щыкІэлъыплъ гъуэгуфІ лъагъуэу 78-рэ дгъэбелджылащ, мэз мафІэсхэр зэрагъэзынкІыфІ Іэмалхэм дяпэкІэкІуэ 30 хуедгъэджащ икІи хуэдгъэсащ, Іэмэпсымэхэр хьэзыру зетхьащ. МафІэсым щыпсэщІэт гъуэгуу километр 25-рэ духуащ, километр 45-рэ зэдгъэпэщыжащ, зыхуей хуэдгъэзащ, уда пІалрыгъуэр гектари 100-м дыкІэлъпІлъурэ щыдгъэсащ, зыгъэпсэхупІэ щІыпІэу 18 зэлъыутхащ, псы итыпІэу 9 ремонт тщІащ, нэгъэущ куэдри зэфІэдгъэкІащ, кьыгъэльэгъуащ кьэпсэльам. - Мэзхэр мафІэсым ящыхьумэным теуухуа хабзэхэр зэрагъэзащІэм дыкІэлъпІлъу кьэпщІэтэныгъэ 50 едгъэкІуэкІащ, протоколу 41-рэ яхуэттхащ, 26-м я кьуанщатэхэр едгъэлъагъуэжащ, щыхьу 15-м сом мин 40-кІэ детхьэкъуащ.

Къэрал комитетым и унафэщІым и къуэдзэм кьыхэзрыгъэкІыгъэкІэ, нэгъабэ мэлыжьыхьым и 1-м щыщІэдзауэ щэкІуэгъуэм и 30 пщІондэ мэз мыгъэзащІэхэм ягъэувыным. Мы зэгугъэныгъэм хэтхэм пщэрылъ зыхуащІыжьхэм ящІыщІ, дунейпсо кІэлъыплъкІэ Іуэхуэм яхэту, хэхакІуэ участкэхэм щыІэныр, апхуэдэуи офис нэхъыщхьэм пыщІа телефон «линие хэхамрэ», хэхьныгъэхэр зэрекІуэкІым теухуауэ цІыхуэм яхэтуищІыкІыныр, хэхьныгъэхэм хэтнымкІэ цІыхуэхэм щІэныгъэ ябгъэдэлъхьэныр, я гукъыдэжыр щхьэхуэ.

Тау Пащыкъанрэ Джэш Вячеславрэ кьызэхуэсахэм зыщыкъуагъэзэм кьыхагъащащ хэхьныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІ щІыкІэм кІэлъыплъныныр мыхьэнэ ин зиІэ Іуэхугъуэ щхьэпэу зэрыщытыр. Икіи абыхэм жаІащ «Жылагъуэ къару» Урысейпсо зэгугъэныгъэм ядэлэжьэну зэрыкъэзыгъэсыр.

УЛЬЯНОВЭ Татьянэ.

Бахъэрейным къыщІэкъыщ

«ВАМ» хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эм Лъужьгуэ къызэрытамкІэ. Перс псыдэлъэдапІэм щІыдагъэ къыщыщІэзыщ пащтыхьыгъэхэм жаІащ Бахъэрейным и унафэщІхэм сыт и лъэныкъуэкІи зэрыкъуэувэнур, абы пэщІэувэзу зыкъэзыгъэтахэми, а къэралым и Іуэху хэІэбэну иужь итхэми ялэжьхэр тэмэму къыщызэрамылъытэр.

Перс псыдэлъэдапІэм и хьэрпІ къэралыгъуэхэм (ССАГПЗ) я зэдзэлэжьныгъэм и Советым икІэщІыпІэкІэ Манамэ сессие щызэхуэсыгъэ кІуэкІащ, Бахъэрейным и Іуэху зыІутым щыхэплъэн папщІэ. А зэІущІэм хэтащ къэрал щІыбІ Іуэхуэхэмкіэ министрхэр. Бахъэрейным къищынэмыщІа, а Советым хохьэ Саудей Хьэрпыр, Хьэрпы Эмират Зэгуэтыр (ОАЭ), Кувейт, Катарыр, Оманыр. Абыхэм зэдзэрэзыуэ жаІащ ССАГПЗ-м хэт дэтхэнэ къэралми шынагъуэ кьыхуэзыхьых псоми зэгъуэзу зэрыщІэщІыгъуэнур.

Бахъэрейным узынщагъэр хьумэныкІэ и министерствэм кьызэрытымкІэ, Манамэ и Налкъутналмэз утыкум оппозициэм щызэхуихьэса пэкІур взэсмахуэ щызэбграхум, щІыхуищ хэкІуэдащ, 230-м щІыпІэу ялъэгъа хъуащ. А зэпэщІэтІыныгъэм зэрыщІидзэрэ, псори зэхэту Манамэ щыхэкІуэдащ цІыхуи 6.

Малъхъэдис жьапщэ

Физикэмкіэ Лебедевым и институтым рентген астрономиемрэ Дагъэмкіэ и лабораторэм (ФИАН) къызэритымкІэ, иужьрей илъэситхум къриубыдэу къэмыхъуауэ, Дыгъэм къыхэкІа бзий лъэщхэм я зэранкІэ, дыгъуасэ пщэдджыжьым ди щІым къыщыхьеящ малъхъэдис жьапщэ.

Дыгъэ бзийхэм GOES спутникхэм сурэт щытрахар гъубж жащращ. Ар ди щІым километр зы мелуан хуэдизкІэ пэжьжьэт, сурэтыр щытрахам. ЩІэныгъэлэхэм зэрыжаІэмкІэ, малъхъэдис жьапщэм и лъэщагъэм хуэди 6-кІэ зиІэтынущ зы жэщ-махуэм хьурыбыдэу. Ар зыхащІэкІэ хьунущ дунейм и малъхъэдис губгъуэм елыта уэсфэ зыпхъэрыт щІыхуэм, радиоэлектрон Іэмэпсымэхэм я лэжьэкІэм зэран хуэзыфынущ.

2000 гъэм щегъэжьауэ, апхуэдизу лъэщІу дыгъэм бзийкІэ 12-рэ кьыхэкІащ. Абыхэм я зэранкІэ энергосистемэм, радиосвязым я лэжьэкІэр пІалъэкІэ зэІыхьауэ щІащ.

Мазаем и 20, тхьэмахуэ

**◆ Социальнэ захуагъэм и д

Бзэр тIэщIакIмэ, дылъэкIмэ, акъыл ин ухуэмей,

Хъумэн икIи егъэфIэкIуэн

● IэщIагъэлIым и псалъэ

**Зи блэкIар зымыщIэм къыдзыхэкIар ищIэнукъым, къызыхэкIар зымыщIэр и лъэпкъ хабзэми щыгъуэзэнукъым, зи хабзэ зымышIэр щэнхабзэм пэIэщIэнуц, абы гъэсэныгъэ тэмэм игъэтынукъым, гъэсэныгъэ зыбгъэдэмылъ цIыхур псэкупсэншэщ, ЩIэблэ гъэсэным зи гъащIэр тезыхуэ дэтхэнэ зыми зыщIигъэгъупщэ хъунукъым а псори, апхуэдэуи гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ лъэпкъ щэнхабзэм епхауэ зэрыщыгъэтыпхэр. ЩIэблэр зыгъэсэн, езыгъэджэн хуэйр сабийхэр фIыуэ зылъагъу цIыхуэ зэпIэзэрыгъэ, бзэшчэ, лъэпкъым суст щыгъуи игъафIэ гулъытэр, гущIэгъуэр, лъагъуныгъэр, гуапагъэр, дахагъэр, щэныныгъэр - цIыхугъэкIэ зэджэ псори - хуэсакъыпэурэ сабий акъылым изышIэу игъащIэкIэ ахэр абы и псэм къызынэфырщ.

Балэ Людмилэ

АНЭДЭЛЪХУБЗЭРщIэблэм зэрыграгъащIэ Хъумэн егъэфIэкIуэн хуэйщ. Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъэн щIымыIуэ къэнакъым Май, Прохладнэ куэйхэм я егъэджакIуэхэмрэ егъэкIуэхэмрэ фестивалым къыщагъэлъэгъуахэр. Ахэр ятеухуат лъэпкъ зэныбжьэгъуГъэм, къэзыкъэм я тхыдэм, хабзэ щхьэхуэхэм. Зи нэхъыжьхэр лъэпкъ зэмылIуэжьыгъуэм къахэкIа унагъуэ мыбы щымащIэкъым. Зи адэшхуэр урыс, зи анэшхуэр украин - ар зы лъэныкъуэкIэ, адрей лъэныкъуэкIэ - зи адэжь-хуэр адыгэ, анэшхуэр балъкъэр сабийм фIыуэ илъагъун, игъэльапIэн хуейр сыт хуэдэбзэ, сыт хуэдэ лъэпкъым и хабзэ, сыт хуэдэ дин? Апхуэдэ унагъуэ къыхэкIа сабийм лъэпкъ зэхэгъэж щащIым и держ сыт хуэдиз щыщIэрэ и псэм. Апхуэдэхэм гупыж яIэщ я къежьапIэхэр ящыщ, пыщIэныгъэ быдэ зыхуиIэ лъэпкъхэм я хабзэр, я тхыдэр ящIэну, иригушхуэну. А IэмалIыр фестивалым къыщыгъэгъэпIащ.

Хабзэ хъуаруэ, мы зэпеуэм щыкIуэ зэрыщIэ я зэфIэкI къыщагъэльагъуэ анэдэлъхубзэр езыгъэджэхэм я урысейпсо зэпеуэхэми. 2007 гъэм - Налшык курыт ефкапIэ №2-м и егъэджакIуэ Бекъан Масирэт «ЕгъэджакIуэ-гъэсакIуэ» унэтIыныгъэм, 2008 гъэм - Сэрмакъ курыт ефкапIэ №2-м и егъэджакIуэ Мэшыкъуэ Iэсиат «ЕгъэджакIуэкъэхутакIуэ» унэтIыныгъэм текIуэныгъэ ящыщ щыIэ. Адыгэ дыдэ тщыхъуащ мы зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр - «Дыжьын къабзийр» - Къэбардей-Балъкъэрым къызэрыкIуар. Ар къратащ зэпеуэм щытекIуа, Бабугент курыт ефкапIэм балъкъэрыбзэмкIэ щезыгъэджэ Джангуразовэ Лиза. 2009 гъэм апхуэдэ къэралпсо зэпеуэм екъулIэныгъэ иIэу хэтащ Бахьсэн куейм хыхьэ Къулъкъужьин Ипщэ къуажэм дэт курыт школ №1-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Iуэрий. Ар пашэ щыхъуащ «Методикэ жьыжьрагъыбмрэ IэзадыкIыу хъума хъун папщIэ, унагъуэм щекIуэкI гъэсэныгъэ Iуэхугъуэхэм. Эссе тхыным хэт хъунущ сабийхэри, адэ-анэхэри, унагъуэм ис нэхъыжьыфIэхэри, егъэджакIуэхэри, гъэсакIуэхэри. Мы зэпеуэр дэжьыдэ кIэс къыщIэзэрагъэпэщыщ хуей Iуэхугъэгъэщытынущ. Абыкъэ ди гуГъэщ адэ-анэхэм бзэм хуащIын хуей пщIэм я гулъытэр хуэдгъэуцыну. Зэпеуэм къызэфIигъэкIынущ бзэм ихьумэ дэтхэнэ пхъэкIэ Iуэхуми сабийр щыIэзгъэуззэнырэ, унагъуэм пэIэщIэ зыхуэхъунырэ лъэпкъ гъэсэныгъэм кьеушIэлIэныр. Абы ипкъ иткIэ, еджакIуэхэм папщIэ ди гугъэщ къызэдгъэпэщыну "Си лъэпкъ къуэпсыбэ» зи фIэщыгъэ унэтIыныгъэр.

ЕгъэджакIуэхэм папщIи щыIэнущ Iуэхугъуэ щхьэпэ: къызэдгъэпэщыну ди гугъэщ «ЕгъэджэнгъэкIэ-гъэсэныгъэ Iуэхуэхэм сызэреплъыр» зи фIэщыгъэжарымкIэ («Яр марка педагогических идей»). Ар тезухуауэ щыстынущ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и бгъэдыхьэкIащIэхэр къызэрагъэсэбэпым теухуауэ егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм я Iуэху ептыкIэкIэ зэдгъэушэным, абыхэм ягъэхьэзыра компьютер гъэльэгъуэныгъэхэм, тхыгъэ щхьэхуэхэм (урок, классщIыб лэжьыгъэхэм я къызэгъэпэщыкIэр).

Лэжьыгъэ щхьэпэ нобэ зэпIэзэгъэкI зэпеуэм нэхъыбэжкIи дыщогугъ, абы и къэкIуэнур зэрыддахэр, зэрыкIыхьыр ди фIэщ мэхъу.

ГъащIэм ульэщIэмыхьэу зехьэужь, зызымыхьэужь кьанэр егъэджакIуэм и кьалэнырщ - гъащIэм екIуу хэзыгъэззэгъэн щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ щIэблэм сыт щыгъуи ётыныщ, къызыхэкIа лъэпкъым пщIэ зэпхущIэн щIэныгъэхэр я къызэгъэпэщыкIэр).

Лэжьыгъэ щхьэпэ нобэ зэпIэзэгъэкI зэпеуэм нэхъыбэжкIи щыщогугъ, абы и къэкIуэнур зэрыддахэр, зэрыкIыхьыр ди фIэщ мэхъу.

Дэтхэнэ балигъыми ди кьалэнщ зэрытхузэфIэкIкIэ мы Iуэхур кьызэгъэпэщакIуэхэм ядэтIыгъынри, фIыкIыхьуэ зоджэ ди ныбжьыщIэхэм я къэкIуэну дахэм фIыщIэхъэпс къудей мыхьуу, IуэхуэкIэ сэбэп фIыхьуну.

БАЛЪ Людмилэ,
КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ нэхъыщхьэ-эксперт.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» фестивальэпеуэм и къэщыгтакIуэхэм я зэхуэх идыхьатIагъэ екIуэкIащ. А гуныр хэпльэжащ республикэпсо зэпеуэм 2010 гъэм кърикIуахэм икIи абы щытекIуахэмрэ жыдэкэру хэтахэмрэ наIуэ кьащIащ.

БЛЭКIА илъэсым зэпеуэм жыдэкэру хэтащ ди щIыналъэм и курыт школхэм, сабий гъэсапIэхэм, гимназиехэм, прогимназиехэм анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Iэщ1агъэлI Iэкlуэльакlуэхэр, абыхэм я гъэсэн зэпичIэ куэд.

2010 гъэм ди курыт школхэм адыгэбзэмкIэ щекIуэкIа республикэпсо зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр хуагъэфащащ **Нарткъалэ дзэт хубзэм и курыт школ №2-м** (унафэщIыр Шыбзыхьуэ Инэщ). Ар кьалытащ егъэджэныгъэм и лъэпкъ-щIыналъэ Iыхьэр гъащIэм хэзыпщэ еджапIэ иэхьифIэ дыдэу. Абыхэ-жэ школхэм ящыщу нэхъыфIу кьалытащ **Тэрч куейм щыщ Жуковскэ кьуажэм дэт курыт щколыр** (унафэщIыр Лэжьэрей Фенящ). Кьалэ курыт еджапIэхэм я зэпеуэм пашэ щыхъуащ **Шэджэм кьалэм дэт курыт школ №1-р** (унафэщIыр ГущIо Ларисэ).

Зэпеуэм хэта гъэсапIэхэми, прогимназиехэми, пэщIэдзэ школ-сабий садхэми нэхъыфIхэр кьыхагъэбеледжылыкIащ. Апхуэдэу гран-при саугъэтыр хуагъэфащащ **Тэрч кьалэм дэт НШДС №3-м** (унафэщIыр Бэлэтокъуэ Кирэщ). Япэ увыпIэр ираташ**Налшык** дэт **прогимназие №70-м** (унафэщIыр СэвкIуий Роззщ).

КъэпщытакIуэ гупым игъэбеледжылащ 2010 гъэм екIуэкIа зэпеуэм гъэсакIуэ, егъэджакIуэ нэхъыфIу кьыщалытахэри. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэхэу **Хъугъур Светланэ, Пащынокъуэ Радиан, Мамыхъу ФатIимэ, Щамырзэ Иринэ, Дэщырхъуей Валентинэ, Лыгъур Мариэ, Едэщы Мариэ** сымэ. КлассщIыб лэжьыгъэ купщIафIэхэр ирагъэкIуэкIыу кьалытащ егъэджакIуэ Iэкlуэльакlуэхэу **Къумыкъу Светланэ, Нэгей Анэ, Кьардэн Хуэмей, Вэрокъуэ Iэминат, Хьэждэгу Антисэ, Семэн Iэсиат,** нэгъуэщIхэри. ЩIэблэм лъэпкъ тхыдэр ящIэу къгъэтэгъэным хуэунэтIауэ егъэкIуэкI унэтIыныгъэм пашэ щыхъуащ тхыдэмкIэ егъэджакIуэ **Мамхэтъ Маргаритэ.**

Зэпеуэм и кьэпщытакIуэ гупым апхуэдэу кьыхигъащащ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм и унэтIыныгъэхэу ягъэкIуэкIа зэхуэсым щаубзыхуащ дыззэрыхьа илъэсым ар зэрекIуэкIыну щыкIэр, абы кьыхьыхь лъэжьыгъэщIэхэмрэ унэтIыныгъэщIэхэмрэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Ди бзэм теухуауэ

Къэхутэныгъэ гуэри схуэщIакъым

АДЫГЭБЗЭР адрейхэм куэдкIэ кьащхьэщокI. Абы иропсалъэ Къэбэрдеишхуэмрэ Джылахьстэнеймрэ щыпсэуэхэмрэ, Лабэ Iуфэ Iус беслъэнейхэр.

Псыжь адыгэкIэ щегъэжьауэ хы Iуфэм нэс щыпсэу адрей адыгэ лакъуэхэм я псэльэнIэр абы мащIэу зэкIуэ кьащIэхэщокI. А бзэмрэ абы и диалект зыбжанэмрэ хэтщ макъ пIытIахэр, жьгъыжьхэр, бзэгупэмрэ бзэгу лъэ дакъэмрэ кьащIыхьу макъхэр. Абыхэм бзэр нэхъ кьулей, дахэ ящI, ауэ хамэ лъэпкъ щыщхэм дежкIэ кьэпсэлыгъуейщ. Сэ къэхутэныгъэ пыухыкIа гуэри схуэщIакъым я бзэ телыджэм екъэлIауэ, ауэ сощIэ абыхэм кьыщыгуэкI, псоми зэдащIэ псэльэкIэм нэмыщIи «щакIуэбзэ» (щIагъыбзэ) зэраIэр.

КЛАПРОТ Генрих, *урыс академик. 1807 гъэ.*

Акъыл жан

АДЫГЭХЭР зэрыгурыхуэ защIэмрэ акъыл жан зэраIэмрэ тепщыхьмэ, ахэр щIэх дыдэ ящIыхьэнут куэд щIауэ щIэныгъэ зиIэ лъэпкъхэм; абы щыкIэ псом япэ зыхуэныкьуэр тхыбзэщ, я нэр кьыщIэпхуэхуэ хабзэ мыхьумыщIэ гуэрхэри зыханэн хуейщ.

БРОНЕВСКИЙ Семен, *урыс щIэныгъэлI. 1828 гъэ.*

Дэтхэнэ макъми

ПАСЭРЕЙ кавказ лъэпкъыжь дыдэхэм ящыщу адыгэхэр. Абыхэм я бзэр адрей кавказыбзэхэм псалъэкIи ухуэкIэкIи кьащхьэщокI, я макъхэр апхуэдизкIэ кьэпсэлыгъуейщи, сэ сызыщыгъуаэ алфавитхэм псори кьыпхуигъэтIэсэнукъым. Дэтхэнэ макъми кьэпсэлыкIэ зыбжанэ иIэщ, зы европеи бгъуэтынукъым ахэр кьыхуэпсэлъыну.

БЛАРАМБЕРГ Иоганн, *нэмыцIэ генерал. 1834 гъэ.*

ЩIыр зэрыбауэ зыхыбощIэ

А БЗЭМ (адыгэбзэм) и макъхэр апхуэдизкIэ телъыджэщ, зэмыфэгъущи, жьыбгъэр зэрыфийр, пщIащэр зэрыщъыщIхьыр, псы уэрым и дауцIыр, щIыр зэрыбауэр, псым хэпль мывэ джейхэр зэрызэнтIэIур, гур кьыззэреуэр, бзур зэрыбззэрабгъэр зыхыбощIэ, абы ирипсальэу щызэхэпхкIэ. Ар щыкьэт зытетхуэр зыщ: адыгэбзэр хуэщIащ дуней и кьэхъугъэ псори кьрипIуэтэным.

ТРУБЕЦКОЙ Николай, *урыс щIэныгъэлI. 1827 гъэ.*

ЕхъулIэныгъэ лъагэ

АнэдэлъхубзэмкIэ егъэджакIуэхэм я урысейпсо зэпеуэм щытекIуа ди егъэджакIуэ пашэхэр я щапхъэщ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм, кьытщIэхъуэ щIэблэм.

Бекъан Масирэт
(Налшык курыт еджапIэ №2)

Мэшыкъуэ Iэсиат
(Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм дэт курыт еджапIэ №2)

Нэхущ Залинэ
(Бахъсэн куейм хыхьэ Къулъкъужьин Ипщэ къуажэм дэт курыт школ №1)

Зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьэр - «Дыжьын къабзийр» - къэзыхьа
Хур Мадинэ *(Налшык курыт еджапIэ №13).*

● Зэпеуэм кърикIуахэр

Ипэкlэ маплъэ

Щамырзэ Иринэ и дерсхэр

● Щапхъэ

Зэманым декIу, сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэкI хуэзэу лэжьыгъэр ефIэкIуэн, къызэгъэпэща хъун папщIэ, егъэджакIуэ нэсым и лэжьыгъэр фIыуэ илъагъуу, къыхиха Iэщ1агъэм пэрытын хуейщ и кьару емыблэжу псэ хьэлэлкIэ. Абы кьигъэсэбэпыпхъэщ лэжьыгъэр льагапIэщIэхэм хуэзыщ Iэмал зэмылIужьыгъуэхэр, технологие пэрытхэр. Налшык дэт прогимназие №70-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Щамырзэ Иринэ, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэр, зи Iэщ1агъэм апхуэдэу хуэIэкIуэльакIуэ щыхуэщ.

2010 ГЪЭМ екIуэкIа «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм утыку кьриша егъэджакIуэ Iэзэхэм ящыщу Иринэ. Ар щылажьэ прогимназием зэпеуэм ятэ увыпIэр кьыщихьащ, езы егъэджакIуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм халытащ. Щамырзэм и Iэзагъ лъагэр, лэжьыгъэм кьыщигъэсэбэп Iэмалхэр зэпеуэм екIуу кьыщигъэльэгъуащ.

- ЕгъэджакIуэм и кьалэн нэхъыщхьэу сэ кьэсльытэр ныбжьыщIэхэм адыгэбзэр яIурылъу, нэмыс яхэлъу, хабзэр ящIэу кьэтхъуныщ. ЕгъэджакIуэм и мызакъуэу, ар я кьалэнщ адэ-анэхэми, благъэхэми, Iыхьлыхэми, - жеIэ Иринэ. - А псом сабийр хуебгъэсэн щхьэкIэ, анэдэлъхубзэм и Iэфlагъыр сабийм и псэм нэсу зыхебгъэщIэн щхьэкIэ, Iэмал куэд кьэгъэсэбэпыпхъэщ.

Апхуэдэ Iуэху кьыззэгъэпэщыкIэмрэ зекъэкIэмрэ я щапхъэ нэсыр Щамырзэм «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм щигъэльэгъуа дерсхэр. Си школ кIуэтэуэ я кьэблэтэ сабийхэм ярита дерсым Иринэ «Макъхэм я деж хьэщIапIэ» фIищащ. Дунейм и щIэрэщIэгъуэ лъэхъэнэм кьыхэхутахэм кьапщытэжащ гъэм и зэманхуэйщ. Абы и лъэныкъуэкIэ гъэщIэгъэн щIымыIуэу къэнакъым Май, Прохладнэ куейхэм я егъэджакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ фестивалым къыщагъэльэгъуахэр. Ахэр ятеухуат лъэпкъ зэныбжьэгъуГъэм, къэзыкъэм я тхыдэм, хабзэ щхьэхуэхэм. Зи нэхъыжьхэр лъэпкъ зэмылIужьыгъуэм къахэкIа унагъуэ мыбы щымащIэкъым. Зи адэшхуэр урыс, зи анэшхуэр украин - ар зы лъэныкъуэкIэ, адрей лъэныкъуэкIэ - зи адэжь-хуэр адыгэ, анэшхуэр балъкъэр сабийм фIыуэ илъагъун, игъэльапIэн хуейр сыт хуэдэбзэ, сыт хуэдэ Iэмал нэхъыщIэхэр къэгъэсэбэпауэ щIэблэм и псэр фIым, гуапагъэм хуэунэтIыныр. Мы фестивальэпеуэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ гъэжьыгъэм хуэкIуащ, абы и дежи кьыщыувыIакъым - мыр егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэм зэрыхагъахъуэу Iэмал хьэлэмэтщ, пэрытхэр я зэфIэкIхэмкIэ, я Iэзагъхэмкlэ щызэдгъэуащэ зэIуущIэщ, дерс куэд еджапIэхэми, сабийхэми, гъэсакIуэхэми кьызыхах Iуэхугъуэщ.

«Адыгэ псалъэ» газетымрэ ди министерствэмрэ зэдгъэхьэжьауэ щыта я Iуэху дахэм мы зэманым унэтIныныгъэ куэд щIэ хъуащ. Абыхэм кьызэщIауфыдэ школхэм, сабий садхэм, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, егъэкIуэхэм я зэпеуэ зэмылIужьыгъуэхэр. «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестивальэпеуэм и кьыззэгъэпэщакIуэхэу Адыгэ Хасэр, «Адыгэ унэ», «Тхылъ» тыкуэнхэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр, нэгъуэщI кьэрал, жылагъуэ Iэнатlэхэри.

Адыгэбзэкlэ ежьа фестивалъ-гъэпсыбзэмкIэ щезыгъэджэ Иринэ, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэр, зи Iэщ1агъэм апхуэдэу хуэIэкIуэльакIуэ щыхуэщ.



Хэр, гъатхэм хьыхьэ мазэхэр, апхуэдэуи псыхьэлыгъуэм, кьуалэбзухэм ягъэIу макъхэр жаIэурэ, арт здрашэжьащ. Гъуэгу зэрикIуэм ущIэхэр тету кьагъуэт тхъэмпэхэр зэхуахьэсащ, макъыр щыбгъэIукIэ дэIэпыкъуэгъу хуэ, Iэпкъльпкъым щыщ Iыхьэхэм зэрэджэр жаIащ. Иринэ зэгъуэсу кьигъэсэбэпыпт бзэм и Iэмалхэри, усыгъэм и зэфIэкIхэри, нэрылъагъу пособиехэм, сурэтхэм я кьарури. Кьыхьыхэжьа лъэпкъым, я анэдэлъхубзэм щытепсэлыхьым, цIыкIухэм кьагъэнэIуащ адэжь лъахэм, щалъхуа щыналъэм, я анэдэлъхубзэм теуха зу ухэзгъэ, уэрэдхэр дахэу зэрыжаIэфыр.

Апхуэдэу хьэлэмэтт икIи купщIафIэт Иринэ 2-нэ классым щита дерсри. «Хэт? Сыт? УплIэхэм жэуап зэхуэхъу псалъэхэр» темэр зэпхьрихьыу, егъэджакIуэм утыку кьрихьащ лэжьэкIэщIэ мардэхэм ящыщу дерсым кьыщигъэсэбэпхэр. Адыгэ усакIуэ цIрыIуэ Щоджэнщыйуэ Алий кьыззэралъхуэрэ илъэсит 110-рэ зэрырикъур и еджакIуэхэм жяриIа нэужь, Иринэ и гъэсэнхэр щигъэгъуэзащ абы и гъащIэм. Алий и сурэтыр экранымкIэ яригъэльэгъуащ, усакIуэм и Iэгуэнэцэр кьыззэрыщIидзэ хьэрфхэр ину зэратхыр, ар щIатхым и щхьэусыгъуэр ныбжьыщIэхэм жяриIащ. Адэжь зэкъуэшхэм кьридзащ Iуащхьэмахуэ и сурэтыр. А бгы лъагэм теухуа-уэ цIыкIухэм куэд кьраджыкIат «Нур» журналым, усэ цIыкIуэхэр зэрагъащIат. Уебгъэ Iуащхьэмахуэ япэу дэкIа Хьэшыр Чылар и хьыбархэмэ щыгъуаэзт. Адэкlэ дерсым кьыщащIа псалъэщIэхэр гупгупу зэхэдзащ сабийхэм, дэтхэнэмэ хуэуэ ущIэрэ зэрытхьэн хуей щыкIэмрэ езыр-езыру яубзыхуащ.

Классхэм щекIуэкI урокхэм нэмыщI, Иринэ музейм зэIущI зэтельыджэхэр кьыщызэрегъэпэщ. Абдеж цIыкIуэм щалъагъу нэхъапэм, ижь зэманкэм, адыгэхэм я псэукIар, абыхэм кьагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмэ? Iэмэпсымэхэмрэ. Хьэлэмэтщ цIыкIуэхэр дыщ IуданэкIэ кэдыкIыным, уагъэщагъэхэр, арджэн щIыным мы еджапIэм зэрыщыкъуагъасэри дерсхэм адыгэ джэгуIэхэр кьыщызэрыщагъэсэбэпри. Абыхэм псоми мыхьэнэщхуэ яIэщ ныбжьыщIэхэм адыгагъэ, хахуагъэ, гушхуэныгъэ яхэлъу, кьызыхэжьа лъэпкъым хуэфащэу кьэгъэхьунымкIэ. Апхуэдэу Щамырзэм кьызэрегъэпэщ зэIущIэ хьэлэмэтхэр. Абы цIыкIуэм кьахурегъэблагъэ дерсым адыгэ джэгуIэхэр кьыззэрыщагъэсэбэпри. Абыхэм псоми мыхьэнэщхуэ яIэщ ныбжьыщIэхэм адыгагъэ, хахуагъэ, гушхуэныгъэ яхэлъу, кьызыхэжьа лъэпкъым хуэфащэу кьэгъэхьунымкIэ. Апхуэдэу Щамырзэм кьызэрегъэпэщ зэIущIэ хьэлэмэтхэр. Абы цIыкIуэм кьахурегъэблагъэ дерсым адыгэ джэгуIэхэр кьыззэрыщагъэсэбэпри. Адыгэ усакIуэ цIрыIуэ Щоджэнщыйуэ Алий кьыззэралъхуэрэ илъэсит 110-рэ зэрырикъур и еджакIуэхэм жяриIа нэужь, Иринэ и гъэсэнхэр щигъэгъуэзащ абы и гъащIэм. Алий и сурэтыр экранымкIэ яригъэльэгъуащ, усакIуэм и Iэгуэнэцэр кьыззэрыщIидзэ хьэрфхэр ину зэратхыр, ар щIатхым и щхьэусыгъуэр ныбжьыщIэхэм жяриIащ. Адэжь зэкъуэшхэм кьридзащ Iуащхьэмахуэ и сурэтыр. А бгы лъагэм теухуа-уэ цIыкIуэхэм куэд кьраджыкIат «Нур» журналым, усэ цIыкIуэхэр зэрагъащIат. Уебгъэ Iуащхьэмахуэ япэу дэкIа Хьэшыр Чылар и хьыбархэмэ щыгъуаэзт. Адэкlэ дерсым кьыщащIа псалъэщIэхэр гупгупу зэхэдзащ сабийхэм, дэтхэнэмэ хуэуэ ущIэрэ зэрытхьэн хуей щыкIэмрэ езыр-езыру яубзыхуащ.

Классхэм щекIуэкI урокхэм нэмыщI, Иринэ музейм зэIущI зэтельыджэхэр кьыщызэрегъэпэщ. Абдеж цIыкIуэм щалъагъу нэхъапэм, ижь зэманкэм, адыгэхэм я псэукIар, абыхэм кьагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмэ? Iэмэпсымэхэмрэ. Хьэлэмэтщ цIыкIуэхэр дыщ IуданэкIэ кэдыкIыным, уагъэщагъэхэр, арджэн щIыным мы еджапIэм зэрыщыкъуагъасэри дерсхэм адыгэ джэгуIэхэр кьыззэрыщагъэсэбэпри. Абыхэм псоми мыхьэнэщхуэ яIэщ ныбжьыщIэхэм адыгагъэ, хахуагъэ, гушхуэныгъэ яхэлъу, кьызыхэжьа лъэпкъым хуэфащэу кьэгъэхьунымкIэ. Апхуэдэу Щамырзэм кьызэрегъэпэщ зэIущI зэльыджэхэр кьыщызэрегъэпэщ. Абдеж цIыкIуэм щалъагъу нэхъапэм, ижь зэманкэм, адыгэхэм я псэукIар, абыхэм кьагъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэмэ? Iэмэпсымэхэмрэ. Хьэлэмэтщ цIыкIуэхэр дыщ IуданэкIэ кэдыкIыным, уагъэщагъэхэр, арджэн щIыным мы еджапIэм зэрыщыкъуагъасэри дерсхэм адыгэ джэгуIэхэр кьыщызэрыщагъэсэбэпри. Абыхэм псоми мыхьэнэщхуэ яIэщ ныбжьыщIэхэм адыгагъэ, хахуагъэ, гушхуэныгъэ яхэлъу, кьызыхэжьа лъэпкъым хуэфащэу кьэгъэхьунымкIэ. Апхуэдэу Щамырзэм кьызэрегъэпэщ зэIущIэ хьэлэмэтхэр. Абы цIыкIуэм кьахурегъэблагъэ дерсым адыгэ джэгуIэхэр кьызз

къыбгурыІуэу а тІэкІыр утетыну дунейм

● Мазаем и 21-р Анэдэлъхубзэм и дунейпсо махуэщ

(КІэухым. ПщІэдэхэр 1-нэ нап.).

Амман дэ къыщыхэтлъхьащ Адыгэбзэм и дунейпсо фонд къызэгъэпэщын хуейуэ. Ар къэбгъэсэбэп хьунущ лъэпкъ Іуэху зепхуэу мылькум укъыщылъахъэм дежи. Адыгэхэм я хабзэр, тхыдэр кІыжьыр фильмыхэр тредгъэхьинтэкъэ а мылькумкІэ, тхылъ щхьэхуэхэр, щІэнгъуэзэхэр ещхьэдгъэкІынтэкъэ? ЕдгъэфІэхуэнт анэдэлъхубзэкІэ программэхэмрэ зэредж зтхылъхэмрэ. А псом я фІыгъэкІэ щІэблэр гъэпсыкІ щихабзэм, тхыдэм щыгъуэзэ хъунт, бзэм и ІофгъэкІ псэкІэ зыхащІэнт.

Амман щекІуэкІа конференцым къыщаштащ зытепсэлъыхьа Іуэхугъуэхэр кІыщыгъэлъэгъуэ резолюцэ, бзэр хьума хьун пащІэ апхуэдэ зэхуэсхэр идакъыпкъэ гъэпсыкІуэ Іыхьи хуейуэ къалъытащ. Ауэ, иджыри кІыхьыдогъэщІри, бзэр хьума щыхьунри щебгъэфІэкІуэфынри Хэкуращ. Ари а Іуэхущхэм хуэфащэ гулытэ хуэщІри гугъу зыдебгъэхьмэщ. Анэдэлъхубзэр ТІурылъныщІ, ар тхъумэнырщ адыгэ псоми ди къалэн нэхъыщхьэр.

«Адыгэбзэм сыткІэ дыхуей? Абы щІакхъуэ Іыхьэ къриблэжьыфынукъым», - жызыІэхэри кІытхэтщ дз.

Апхуэдэу жызыІэфхэр акъылышхуэ зыбгъэдэмылъ, лъыкІэ ди лъэпкъэгъуми, псэкІэ адыгэу щымыту къыдолытэ. Абыхэм къагурыІуэркъым лъэпкъыр зыхьымэр бзэраду зэрыщытыр. Ухуеймэ, инженеру лажьэ, ухуеймэ, дохутыр Іыгъэр къыхэх, нэхъыщхьэр гукІэ адыгэу ущытынырщ. Адыгэхэр тхыдэшхуэ зиІэ лъэпкъ, армыхъымэ зи хьунтуфІэкІ гъуэ гуэр дещакІуэу, я щхьэ зэрагъэфІэн эрахуэу зы щІыпІэм щызэхуэжэсахэм дащыщкъым. Кавказым лъэпкъ кудз щызэбгІэкІащ. Абыхэм я цІэр тхыдэм кьыхэна кьудейуэ аращ, сыту жыпІэмэ я бзэр ягъэкІуэдати. Хэкужьым исхьми хэхэсхьми анэдэлъхубзэр хьумэнымкІэ щапхъэ

Темрокъуэ Таисэ

Щыхум крыхих ЕшІагъэр зыхуэдэнур куэдым ельытащ. ЩыІэщ абы и адэ-анэм я Іуэхум щыпищэ е и гъэсакІуэр, егъэджакІуэр щапхъэ щыхуэхъу. Тэрч куейм хьихьэ Хьэмиден кІуаажэм Махъсидэ Залымхан и цІэр зэриІуэу зэт курыт щколым и егъэджакІуэ Темрокъуэ Таисэ зэрыжиІэмкІэ, и ІэщІагъэр гъашІэ гъуэсэ ищыпымкІэ сабэп къыхуэхъуащ тхыдэмкІэ и егъэджакІуэу щыта Джэрмэнщык Хьэжуратрэ сабийхэм адыгэбзэр езыгъэджу щыта Пымыжь Жандахэрэ.

АдыГЭ УНАГЪУЭ гъэмэ кьихьыкІащ Таисэ. Абы и адэ-анэр лъэныкъуэ кудзкІ щапхъэ нэс кьыхуэхьащ: я хьэлкІи, я щытыкІэкІи, я Іуэху зехьэкІэкІи, я гупсысэкІэкІи. Сабий куэд зиІэ Симэ бын гъэсэныжкІэ куэдым я щапхьэт, кьинымыщІащ. ІуэхутІыр псори нэгъэсауэ, егупгъуу ищІэрт, Іурыльт бзэ Іэфынмэ и гу щабагьмрэ унагъуэм я шхэпст. Апхуэдэ фэиеТ ТЕТЫКІЭР щапхъэ нэс хуэхъурт Таисэ икІи и анэм ещхь. езыыр зэрыхуэфащ хущІэкъурт. Таисэ и адэ Руслан ильэс 30-м щІигъукІэ колхоз губгъуэм щылэжьащ. Ар щытащ механизатор пашэу, гупым я бригадиру, И псэ хьэлэл лэжьыкІэм кьыпыкІыжьащ. Ар ти игъэтауэ щытащ Борис. Абы кьыхуагъэфэщащ орденхэр, медалхэр, щытхъу, фІыщІэ тхылъхэр. А нэхъыжьыфІыр псэуху, щІыхьу куэдым я чэнджэщэгъуэ, щыщІыхьуэ, и Іуэху зехьэкІэ ІэрытымкІ и хэкІыпІэхэмкІэ ядэгъуашэу щытащ.

НэхъыжьыфІхэм гъэсэныгъэ кІуэу зыхатхьха, и егъэджакІуэхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэр гъуэгугъэ лъагъуэ зыхуэхъуа Таисэ псэкІэ кьыхиха ІэщІагъэм хьэлэлу, и эзмани кьаруи емыблэжу иролажьэ. Ильэс 25-м щІигъуащ ар щІэблэр егъэджан Іэнатіэм зэрыІуэхэрэ икІи зэн кьэхъуакъым зытеува Іуэгуэм щыхуцІебгъуэжа. Абы и щыхьэтщ Таисэ жыІэм, школым щиІэ пщІэмрэ нэмысымрэ.

- Ди школым щолажьэ зэфІэкІыщхуэ зиІэ, зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщыкІ, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакІуэхэр, Апхуэдэхэм я щапхъэщ Темрокъуэ Таисэ, - жеІэ курыт школым и унафэщІ Джэдгъавэ Зое. - Таисэ сабийхэр кьыхэзырыдихьэхыр и щІэныгъэм я закъуэкъым, атІэ езым и хьэлщІэн зэтетымкІи, и псэлъэкІэ екІуэкІи, анэдэлъхубзэм, лъэпкъ щэнхабзэм хуиІэ іыгъуныгъэ мыкІуэщІыкІи щыкІуэр ётхьэкъу, апхуэдэ щытыкІэ дахэхэр и гъэсэнхэмкІэ зиІэ лъхьэхэр.

- Сабийм и гъэсэныгъэр кьыщежьэр унагъуэрыз, арищхьэкІэ, дз, егъэджакІуэ, абы гулытэ щхьэхуэ ядощ. НэгъэщІуи хьунукъым - егъэджакІуэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ зэпхащ, а Іуэхугъунтіыр зэпэщыхьхуэ щыІыну ухэтмэ, тІуми ущыхьэщІущ, - жеІэ Таисэ, - Дауи, щыкІуэкъым щколым щадж дэтхэнэ предметми Іэмал гъэрхэр кьрет сабийр гъэсэным тетхууаэ. Ауэ, сэ кьыхэзыщыхьумкІэ, анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэхэм ди пщым абыкІэ ІэмэпщыкІэ ящІэ кьыдоху. Щалъхуа и Хэкур, и лъэпкъыр, и анэдэлъхубзэр фІыуэ зыльгъагъ щІэблэ гъэсэныжкІэ дэ дзэпыкьыгъэщ ди бзэм и Іэмал псори, лъэпкъ литературэм, щэнхабзэм я хьугъуэфІыгъуэ мыльытэхэр.

Апхуэдэу гъэщІэгъуэныщэу зэхэлъщ Таисэ и дерсхэр. Литературэ тхыгъэхэр яджкІэрэ, абы и гъэсэнхэм езыр-езыру кьэхуэгъэныгъэхэр ирагъэжьІэкІыф, лЫхьужьхэр фІырэ мыхьымыщІэу зэхадзыф, я Іуэху епльыкІэхэр зэхэщІыкІыгъуэу кьаІуэтэф. Я егъэджакІуэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуиІэ лъагъуныгъэр щІыкІухэми псэкІэ зыхащІ, езыхэри я уиэтІакІуэм ещхьу адыгэгу, адыгэпсэ мэхъу. ЕгъэджакІуэныгъэ программэм кьигъэувэхэм кьадэкІуэу, классщІыб лэжьныгъэ купщІафІи зэфІэзых егъэджакІуэм ящыІэ жьыщІэхэм я творческэ зэфІэкІхэм зрегъэужь, я гупсысэхэр нэхъ куу икІи шэщІа ещІ.

- Темрокъуэ Таисэ и дэтхэнэ дерсри икъукІэ хьэлэмэтщ икІи кьызыхуэятынщэщ, - жеІэ школ унафэщІым егъэджанныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кьуэдзэ Бэлэтэкъуэ Мариноэ, - ЛЭжьакІуэ ІэкІуэлъакІуэм методикэ зэмыдІэужьныгъуэхэр кьегъэсэбэп, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и Іэмал пэрытхэр кьигъэІуэрыщІэу, зыпэрыт Іэнатіэр ирегъэфІакІуэ. Апхуэдэ Іуэху зехьэкІэ пэрытрыщ Таисэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэгъэныгъэмкІэ и министерствэм и ЩІыхь тхылъ кьышыхуагъэфащащ ри, ди лъэпкъ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я махуэшхуэхэм ирихьэлІэу кьыхуэзрагъэпэщ еджэныгъэхэм я лаугреату кьыщІалъытари, «Ильэсым и егъэджакІуэ» зэпеуэм и куей Іыхьэм нэгъабз пашэ щыІыщихьуари. ЖьпІэнуурэ, егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм щапхъэ яхуэхьу лэжьакІуэ пашэщ Темрокъуэр.

Егъэджэныгъэ методикэм хуэзэкІуэлъакІуэ, техникэ пэрытхэм хуэІэнжь Таисэ ахэр сыт щыгъуи и дерсхэм кьыщегъэсэбэп. Иджыпрей еджакІуэр псалъэ гъущэ кьудейкІэ кьызэрыдгымыхьэхьыфынур фІыуэ зыщІэ егъэджакІуэм и дерсхэм щыщыгъуэ куэд хелъкъым. УФ-м и Президентым кьыхилъхьа «Ди школыщІэжэрдэмыр диныгъуэ, Темрокъуэр хущІокъу иджырей зэманым хуэфащэ щІэныгъэ щІэблэм ябгъэзащІэхьэным. Лэжьэмэ Іэпрыт зиІэ Темрокъуэр адыгэбзэр езыгъэджэхэм я школ методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ. Мы гъэджэгъуэм кьыщыщІэдзауэ абы кьепхауэ мэлажьэ зыфІэсыбзэр езыІэтэджхэм я зэгухьэныгъэр.

Дэтхэнэ ЕшІагъэлІми кхуэдэу, Таисэ ирогушхуэ и лъэужьыр лъагъуэ зыхуэхьу и гъэсэнхэм. Абы зэрыжиІэмкІэ, иригъэджажэм ящІыщІ цІыхуэ зыбжанэ школ ДЭхуэмыдж Іэмэм щолажьэ. Иджырей щІэблэм ящыщІ Дзэгъащтэ Азэмэт, Къущхьэбий Іэминэ сымэ, ныгъуэщІэрэ.

Лъэжьыгъэ дахэ зи щыІабагъ кьыщідэть Таисэ и унаГъуэрэ екІуэ. Абырэ и щІхьэгъуэсэ Хьэдисрэ щІалитІрэ зы хьыдджэбзрэ яІэщІ, дэтхэнэрэ лъэпкъ хабзэм тету гъэсащ, ЕшІагъэ, щІэныгъэ яІэщ. Нэхъыжьхэр ирогушхуэ я щІэблэм, я кьэзырыльхуэ щыкІуэм я гъащІэр нэхъ щІэщыгъуэ кьащещІ.

Ди щІэныгъэ ІэкІуэлъакІуэ, техникэ пэрытхэм хуэІэнжь Таисэ ахэр сыт щыгъуи и дерсхэм кьыщегъэсэбэп. Иджырей еджакІуэр псалъэ гъущэ кьудейкІэ кьызэрыдгымыхьэхьыфынур фІыуэ зыщІэ егъэджакІуэм и дерсхэм щыщыгъуэ куэд хелъкъым. УФ-м и Президентым кьыхилъхьа «Ди школыщІэжэрдэмыр диныгъуэ, Темрокъуэр хущІокъу иджырей зэманым хуэфащэ щІэныгъэ щІэблэм ябгъэзащІэхьэным. Лэжьэмэ Іэпрыт зиІэ Темрокъуэр адыгэбзэр езыгъэджэхэм я школ методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ. Мы гъэджэгъуэм кьыщыщІэдзауэ абы кьепхауэ мэлажьэ зыфІэсыбзэр езыІэтэджхэм я зэгухьэныгъэр.

Дэтхэнэ ЕшІагъэлІми кхуэдэу, Таисэ ирогушхуэ и лъэужьыр лъагъуэ зыхуэхьу и гъэсэнхэм. Абы зэрыжиІэмкІэ, иригъэджажэм ящІыщІ цІыхуэ зыбжанэ школ ДЭхуэмыдж Іэмэм щолажьэ. Иджырей щІэблэм ящыщІ Дзэгъащтэ Азэмэт, Къущхьэбий Іэминэ сымэ, ныгъуэщІэрэ.

Лъэжьыгъэ дахэ зи щыІабагъ кьыщідэть Таисэ и унаГъуэрэ екІуэ. Абырэ и щІхьэгъуэсэ Хьэдисрэ щІалитІрэ зы хьыдджэбзрэ яІэщІ, дэтхэнэрэ лъэпкъ хабзэм тету гъэсащ, ЕшІагъэ, щІэныгъэ яІэщ. Нэхъыжьхэр ирогушхуэ я щІэблэм, я кьэзырыльхуэ щыкІуэм я гъащІэр нэхъ щІэщыгъуэ кьащещІ.

Дерсым мыхьэнэшхуэ иІэныкъым, ар щІеблэгъэкІуэкІым и щхьэхуэсыгъуэмрэ эрэбгъэкІуэкІ щІыкІэмрэ уемыгупсысмэ. Къызогъэсэбэп «синквейн», «инсерт», «кластер», «диаманта» Іэмалхэр. Ахэр ехьэлІащ слайм и гупсысэр кІэщІу, гъэхуауэ, зэщІэкъуауэ, сатыр зытхуэм кьыщиІуэтэфыным егъэсэныщ, зы темэм ехьэлІауэ къэгъэсебэпхэхэр зэуІуэу дерсым хэлъхьэным, абыкІи егъэджакІуэм и гупсысэм, акъылым зегъэужьыным. Мыбыхэм сабийхэр икъуэкІ дахьэх икІи яфІэфІу ягъэзащІэ. А Іэмалыщ Іэхэмкі Іэ мазаем и І4-м республикэпсо семинар егъэкІуэкІащ.

Дэтхэнэ урокми классщІыб ІкІыбгъуэмэ уегугъэмэ, фІэщ щІыгъуейщ зыхуэхъунтІа егъэджакІуэм ар псэкІэ зыхиІэщІэну, фІэгъэщІэгъэнэну иджыну.

Ди школым и лжьакІуэхэм сыт хуэдэ ІуэхугъуэфІ кьетхъэжьэми, ар жьыджэру кьыддиІыгъщ ди унафэщІ щыпкъэ, лжьакІуэм и кьыдэгъуэ Іэкъуэльакъуэ Смирновэ Татьянэ. Апхуэдэу ди гъэсэхэм я адэ-анэхэми щэщІауэ дадолажьэ. Дэ дызэгъусэу идогъэкІуэкІ адыгэ хабзэм теухуа Іуэхугъуэзэрэ.

Тхыгъэр зейм теухуауэ

Ефэнды Мариноэ ильэс 30-м щІигъуауэ анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэу мэлажьэ. ЩІыхубэ егъэджэныгъэм и отличник, квалификацэ лъагэ зыбгъэдэлъЕфэндыр жьыгъэ хэтщ кьалэ, республикэ, щІыналъэ зэпеуэхэм, увыпІэфІкІэ ящыщкъым. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІ кьэралпсо зэхьэзэхуэм щытекІуэрти, Мариноэ я кьыхуагъэфэщащ «УФ-м и егъэджакІуэ нэхьыфІ» щІэ пьапІэмрэ сом мини 100 хьау ахьыпэ саугъэтыжмрэ. ЕгъэджакІуэу унагъуэм кьыхэкІа Мариноэ и лъэужьым ирикІуащ и бынэрн - абыхэмэ а Іэщ Іагъэр кьыхахащ, ехьэдІэныгъэ яІэу Налшык дэт курыт школ зэхуэмыдэжэм щолажьэ.

● Адэ-анэхэм яхуэгъэза чэнджэщ

Ди нэІэ щІэкІыркъым

БАЛИГЪХЭМ куэдрэ яхэт сабийм и гупсысэхэр нэхъ жанщ, хэпщІыкІыи нэхъ нафдзэгубдзаплъэщ. Апхуэдэуи абы псэкІэ зыхещІэ икІи и акъылым «зыщІеф» ихьурегякІэ щекІуэкІ, зрихьэлІэ къэхъуэкъащІэхэр, зэхих псалъэмакъэхэр, ильагъу зэхущытыкІэхэр. Ильагъу псоми заригъэщхьыну, дауи, хэткъым сабийр, атІэ и ягъэ щІэкІэхэр зэрегъапщэри, езым и Іуэху епльыкІэ зэриІуэхуэным хущІокъу, гъэсэныгъэ пыІуэкІІаи зыгъэльхьа мэхъу. Абы кьыхэкІыу щІэблэр гъэсэныр, абы и гупсысэр фІым техуауэ кьэгъэтэджыныр щыІэщ. Ильэс 12 и пэкІэ «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэщхэр кьыщІэлдзауэ идогъэкІуэкІ дз. Абы и мурад нэхъыщхьэр адыгэбзэр курыт щколхэм зэрыщрагъэдж щыкІэр егъэфІэкІуэным и мызакъуэу, апхуэдэ егъэджакІуэфІхэм я лжьыгъэр дгъэльапІэну, адрейхэми пщІэ кьахуедгъэщІыну аращи, ар хьарзынэу кьыдэхуэфІэу кьыдолытэ. Хьыгъэхэ ПэпІэкъыр фІыуэ пльагъуу щытмэ, уи анэдэлъхубзэри бгъэкІуэдынукъым. Апхуэдэу дяпэ итахэр дунейм зэрытетар. Аращ усакІуэ Бемырзэ Мухьэдин щыжьиар:

Уадыгэмыр мыгугьифІ-гурей,
Зи уэлингуэм фІэфІмэ -
улъэпкъынсэу,

Адыгэу хьуам трагьлъхьэ тезыр,
ІэщІыб ищІыжьыну
уи анэдэлъхубзэр.
ТІурылъу зы бзэ, уэздис щІыІ,
Хьэлэлу кьыщыпптесэкІэ зы дыгъэ,
Адыгэу уиІэуным кьыкІыр зыщ -
Уадыгэму кьынкъуэкІынырщ дыгъэ.

ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд,
Дунейпсо Адыгэ Хасэм и япэ вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

● Ди бзэм теухуауэ

Пасэрей дыдэ

АДЫГЭХЭМ я бзэр дуней псом щыиэхэ пасэрей дыдэхэм, гъэщІэгъэныщэхэм, купщІафІэхэм яящыщ. Щэч хэмылъу, а зыраУэ щытынкІэ мэхъу Азиэ Ипщэм щыІэуэ кІуэдыжа бзэхэм я щэхуэр кьэхутэныжмкІэ «Іункьыбзэлъх» хуэфынри. Зэгуэр лъэщ дыдэу щыта бзэ зэлъэпкъэгъуэхэм я зы пыудахуэ абхъаз-адыгэхэм я бзэм кьыщрыкІ кьарум кьуегъащІэ ахэр зыхэпсэукІ дунейр зэхэзыщІыкІыжьыр акъылкІэ даІуэ щыхураУэ зэрыщытыр.

МЕССАРОШ Лайош,
мэжэр щІыпІъэлІ. 1839 гъэ.

Дакъикъэ Іэфі

СИ ЛЭЖЬЫГЪЭР щыщІэздзэм, хьэкьыу спхьыкІауэ си фІэщ хьурт бгыфІ. Іэлыр гурыщІэ телъыдзэм - Іэщ Іагъэм и нэхугъэ Іэфым - щэныгъэм къыщэрыщІэзэгъэнэнур; щэныгъэмрэ тхьібзэмрэ ди гур кьыщІауІэн зэман дэр папщІи кьэсыщ.

- Сэ сымыльагъункІи хуэщІу а дакьикъэ Іэфым - си лъахэм щІэныгъэншагъэр Іэщ Іыб щищІыну лъэхьэнэр; сыт хуэдиз гухэхьуэгъуэ зыхэсщІэнт сэ абы щыгъуэ?..

СльэкІым хуэдиз сщІащ сэ, щэныгъэм ущрихьэлІыныгъэр сыльгъуэ: «Сэ зы псалъэкІэ кьэрабгъэр хахуэ, хэкум и хьумакІуэ сощІыж, дыгъум и хьэлір зыхьызогъанэ; си пащхьэ кьиуэфынкъым щІыку бзаджэр, сэ щІыкуэгъэшагъэм, икІагъэм сфащІыж».

ГОРЬКИЙ Максим.
1933 гъэ.

● Дифі догъэлъапІэ

Адыгэпсэ, адыгэгу

ЕшІагъэр зыхуэдэнур куэдым ельытащ. ЩыІэщ абы и адэ-анэм я Іуэхум щыпищэ е и гъэсакІуэр, егъэджакІуэр щапхъэ щыхуэхъу. Тэрч куейм хьихьэ Хьэмиден кІуаажэм Махъсидэ Залымхан и цІэр зэриІуэу зэт курыт щколым и егъэджакІуэ Темрокъуэ Таисэ зэрыжиІэмкІэ, и Іэщ Іагъэр гъашІэ гъуэсэ ищыпымкІэ сабэп къыхуэхъуащ тхыдэмкІэ и егъэджакІуэу щыта Джэрмэнщык Хьэжуратрэ сабийхэм адыгэбзэр езыгъэджу щыта Пымыжь Жандахэрэ.

АДЫГЭ УНАГЪУЭ гъэмэ кьихьыкІащ Таисэ. Абы и адэ-анэр лъэныкъуэ кудзкІ щапхъэ нэс кьыхуэхъуащ: я хьэлкІи, я щытыкІэкІи, я Іуэху зехьэкІэкІи, я гупсысэкІэкІи. Сабий куэд зиІэ Симэ бын гъэсэныжкІэ куэдым я щапхьэт, кьинымыщІащ. ІуэхутІыр псори нэгъэсауэ, егупгъуу ищІэрт, Іурыльт бзэ Іэфынмэ и гу щабагьмрэ унагъуэм я щхэпст. Апхуэдэ фэиеТ ТЕТЫКІЭР щапхъэ нэс хуэхъурт Таисэ икІи и анэм ещхь. езыыр зэрыхуэфащ хущІокъурт. Таисэ и адэ Руслан ильэс 30-м щІигъукІэ колхоз губгъуэм щылэжьащ. Ар щытащ механизатор пашэу, гупым я бригадиру, И псэ хьэлэл лэжьыкІэм кьыпыкІыжьащ. Ар ти игъэтауэ щытащ Борис. Абы кьыхуагъэфэщащ орденхэр, медалхэр, щытхъу, фІыщІэ тхылъхэр. А нэхъыжьыфІыр псэуху, щІыхьу куэдым я чэнджэщэгъуэ, щыщІыхьуэ, и Іуэху зехьэкІэ ІэрытымкІ и хэкІыпІэхэмкІэ ядэгъуашэу щытащ.

НэхъыжьыфІхэм гъэсэныгъэ кІуэу зыхатхьха, и егъэджакІуэхэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэр гъуэгугъэ лъагъуэ зыхуэхъуа Таисэ псэкІэ кьыхиха Іэщ Іагъэм хьэлэлу, и эзмани кьаруи емыблэжу иролажьэ. Ильэс 25-м щІигъуащ ар щІэблэр егъэджан Іэнатіэм зэрыІуэхэрэ икІи зэн кьэхъуакъым зытеува Іуэгуэм щыхуцІебгъуэжа. Абы и щыхьэтщ Таисэ жыІэм, школым щиІэ пщІэмрэ нэмысымрэ.

- Ди школым щолажьэ зэфІэкІыщхуэ зиІэ, зи Іэщ Іагъэм фІыуэ хэзыщыкІ, щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ егъэджакІуэхэр, Апхуэдэхэм я щапхъэщ Темрокъуэ Таисэ, - жеІэ курыт школым и унафэщІ Джэдгъавэ Зое. - Таисэ сабийхэр кьыхэзырыдихьэхыр и щІэныгъэм я закъуэкъым, атІэ езым и хьэлщІэн зэтетымкІи, и псэлъэкІэ екІуэкІи, анэдэлъхубзэм, лъэпкъ щэнхабзэм хуиІэ іыгъуныгъэ мыкІуэщІыкІи щыкІуэр ётхьэкъу, апхуэдэ щытыкІэ дахэхэр и гъэсэнхэмкІэ зиІэ лъхьэхэр.

- Сабийм и гъэсэныгъэр кьыщежьэр унагъуэрыз, арищхьэкІэ, дз, егъэджакІуэ, абы гулытэ щхьэхуэ ядощ. НэгъэщІуи хьунукъым - егъэджакІуэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ зэпхащ, а Іуэхугъунтіыр зэпэщыхьхуэ щыІыну ухэтмэ, тІуми ущыхьэщІущ, - жеІэ Таисэ, - Дауи, щыкІуэкъым щколым щадж дэтхэнэ предметми Іэмал гъэрхэр кьрет сабийр гъэсэным тетхууаэ. Ауэ, сэ кьыхэзыщыхьумкІэ, анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэхэм ди пщым абыкІэ ІэмэпщыкІэ ящІэ кьыдоху. Щалъхуа и Хэкур, и лъэпкъыр, и анэдэлъхубзэр фІыуэ зыльгъагъ щІэблэ гъэсэныжкІэ дэ дзэпыкьыгъэщ ди бзэм и Іэмал псори, лъэпкъ литературэм, щэнхабзэм я хьугъуэфІыгъуэ мыльытэхэр.

Апхуэдэу гъэщІэгъуэныщэу зэхэлъщ Таисэ и дерсхэр. Литературэ тхыгъэхэр яджкІэрэ, абы и гъэсэнхэм езыр-езыру кьэхуэгъэныгъэхэр ирагъэжьІэкІыф, лЫхьужьхэр фІырэ мыхьымыщІэу зэхадзыф, я Іуэху епльыкІэхэр зэхэщІыкІыгъуэу кьаІуэтэф. Я егъэджакІуэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ хуиІэ лъагъуныгъэр щІыкІухэми псэкІэ зыхащІ, езыхэри я уиэтІакІуэм ещхьу адыгэгу, адыгэпсэ мэхъу. ЕгъэджакІуэныгъэ программэм кьигъэувэхэм кьадэкІуэу, классщІыб лэжьныгъэ купщІафІи зэфІэзых егъэджакІуэм ящІыІэ жьыщІэхэм я творческэ зэфІэкІхэм зрегъэужь, я гупсысэхэр нэхъ куу икІи шэщІа ещІ.

- Темрокъуэ Таисэ и дэтхэнэ дерсри икъукІэ хьэлэмэтщ икІи кьызыхуэятынщэщ, - жеІэ школ унафэщІым егъэджанныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и кьуэдзэ Бэлэтэкъуэ Мариноэ, - ЛЭжьакІуэ ІэкІуэлъакІуэм методикэ зэмыдІэужьныгъуэхэр кьегъэсэбэп, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и Іэмал пэрытхэр кьигъэІуэрыщІэу, зыпэрыт Іэнатіэр ирегъэфІакІуэ. Апхуэдэ Іуэху зехьэкІэ пэрытрыщ Таисэ КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэгъэныгъэмкІэ и министерствэм и ЩІыхь тхылъ кьышыхуагъэфащащ ри, ди лъэпкъ тхакІуэхэм, усакІуэхэм я махуэшхуэхэм ирихьэлІэу кьыхуэзрагъэпэщ еджэныгъэхэм я лаугреату кьыщІалъытари, «Ильэсым и егъэджакІуэ» зэпеуэм и куей Іыхьэм нэгъабз пашэ щыІыщихьуари. ЖьпІэнуурэ, егъэджакІуэ ныбжьыщІэхэм щапхъэ яхуэхьу лэжьакІуэ пашэщ Темрокъуэр.

Егъэджэныгъэ методикэм хуэзэкІуэлъакІуэ, техникэ пэрытхэм хуэІэнжь Таисэ ахэр сыт щыгъуи и дерсхэм кьыщегъэсэбэп. Иджырей еджакІуэр псалъэ гъущэ кьудейкІэ кьызэрыдгымыхьэхьыфынур фІыуэ зыщІэ егъэджакІуэм и дерсхэм щыщыгъуэ куэд хелъкъым. УФ-м и Президентым кьыхилъхьа «Ди школыщІэжэрдэмыр диныгъуэ, Темрокъуэр хущІокъу иджырей зэманым хуэфащэ щІэныгъэ щІэблэм ябгъэзащІэхьэным. Лэжьэмэ Іэпрыт зиІэ Темрокъуэр адыгэбзэр езыгъэджэхэм я школ методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ. Мы гъэджэгъуэм кьыщыщІэдзауэ абы кьепхауэ мэлажьэ зыфІэсыбзэр езыІэтэджхэм я зэгухьэныгъэр.

Дэтхэнэ ЕшІагъэлІми кхуэдэу, Таисэ ирогушхуэ и лъэужьыр лъагъуэ зыхуэхъу и гъэсэнхэм. Абы зэрыжиІэмкІэ, иригъэджажэм ящІыщІ цІыхуэ зыбжанэ школ ДЭхуэмыдж Іэмэм щолажьэ. Иджырей щІэблэм ящыщІ Дзэгъащтэ Азэмэт, Къущхьэбий Іэминэ сымэ, ныгъуэщІэрэ.

Лъэжьыгъэ дахэ зи щыІабагъ кьыщідэть Таисэ и унаГъуэрэ екІуэ. Абырэ и щІхьэгъуэсэ Хьэдисрэ щІалитІрэ зы хьыдджэбзрэ яІэщІ, дэтхэнэрэ лъэпкъ хабзэм тету гъэсащ, ЕшІагъэ, щІэныгъэ яІэщ. Нэхъыжьхэр ирогушхуэ я щІэблэм, я кьэзырыльхуэ щыкІуэм я гъащІэр нэхъ щІэщыгъуэ кьащещІ.

Дерсым мыхьэнэшхуэ иІэныкъым, ар щІеблэгъэкІуэкІым и щхьэхуэсыгъуэмрэ эрэбгъэкІуэкІ щІыкІэмрэ уемыгупсысмэ. Къызогъэсэбэп «синквейн», «инсерт», «кластер», «диаманта» Іэмалхэр. Ахэр ехьэлІащ слайм и гупсысэр кІэщІу, гъэхуауэ, зэщІэкъуауэ, сатыр зытхуэм кьыщиІуэтэфыным егъэсэныщ, зы темэм ехьэлІауэ къэгъэсебэпхэхэр зэуІуэу дерсым хэлъхьэным, абыкІи егъэджакІуэм и гупсысэм, акъылым зегъэужьыным. Мыбыхэм сабийхэр икъуэкІ дахьэх икІи яфІэфІу ягъэзащІэ. А Іэмалыщ Іэхэмкі Іэ мазаем и І4-м республикэпсо семинар егъэкІуэкІащ.

Дэтхэнэ урокми классщІыб ІкІыбгъуэмэ уегугъэмэ, фІэщ щІыгъуейщ зыхуэхъунтІа егъэджакІуэм ар псэкІэ зыхиІэщІэну, фІэгъэщІэгъэнэну иджыну.

Ди школым и лжьакІуэхэм сыт хуэдэ ІуэхугъуэфІ кьетхъэжьэми, ар жьыджэру кьыддиІыгъщ ди унафэщІ щыпкъэ, лжьакІуэм и кьыдэгъуэ Іэкъуэльакъуэ Смирновэ Татьянэ. Апхуэдэу ди гъэсэхэм я адэ-анэхэми щэщІауэ дадолажьэ. Дэ дызэгъусэу идогъэкІуэкІ адыгэ хабзэм теухуа Іуэхугъуэзэрэ.

Тхыгъэр зейм теухуауэ

Ефэнды Мариноэ ильэс 30-м щІигъуауэ анэдэлъхубзэмкІэ егъэджакІуэу мэлажьэ. ЩІыхубэ егъэджэныгъэм и отличник, квалификацэ лъагэ зыбгъэдэлъЕфэндыр жьыгъэ хэтщ кьалэ, республикэ, щІыналъэ зэпеуэхэм, увыпІэфІкІэ ящыщкъым. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІ кьэралпсо зэхьэзэхуэм щытекІуэрти, Мариноэ я кьыхуагъэфэщащ «УФ-м и егъэджакІуэ нэхьыфІ» щІэ пьапІэмрэ сом мини 100 хьау ахьыпэ саугъэтыжмрэ. ЕгъэджакІуэу унагъуэм кьыхэкІа Мариноэ и лъэужьым ирикІуащ и бынэрн - абыхэмэ а Іэщ Іагъэр кьыхахащ, ехьэдІэныгъэ яІэу Налшык дэт курыт школ зэхуэмыдэжэм щолажьэ.

Адыгэбзэр зыгъэльапІэ, зыгъэбзэрабзэ Іутыж Борис *(1940-2008)* тхакІуэ Іэзэт, щІэныгъэлІ щІрыІуэт. Ар куэдрэ кьрихьэлІэрт «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм.

● Егъэджакіуэм и псалъэ

Къару мыкІуэщІ

Сабийр гъашІэм хэзышхэхэм, дунейр езыгъэщІыкуэхэм ящыщ и анэдэлъхубзэр. Сабийм и бзэкІэ зэхихыр хуейщ уэрэдхэр, псэкІэ зыхищІэн хуейщ макъамэхэм я дахагъэр. Абыхэм сабийм и псэр кьагъэуш, лъапкъым кІэрагъащІэ, я гур лъэпкъым хуэщабэ ящІ. Нобэрей гъашІэм уэрэлъэмэ - губжьыр гъашІэм нэхъ щытепщрейщ, «гульыт» псалъэм щыхэк эзым щІидлъхэ и мыхьэрщ, мылькум и щІэр Іэта хьэщІи, фІыгъуэм я нэхъ лъапІэр зрыщІэ зэрыщІэтыр куэдым ящыщащ. Мыхьэмыщ Іэр щытепщэм лъэпкъ щэнар щыхъумэгъуейщ. Ауэ щыхъукІи, псори кьыщежьэр жьэгу пащхьэрщ, гъэсныгъэм и щІэдзапІэри аращ.

ГЪУНЭГЪУУ егъэщІыхуэ, фІыуэ егъэльагъуэн хуейщ лъэпкъым и бын пажэхэр: лэжьакІуэшхуэхэр, акъылышхуэрэ щІэныгъэшхуэрэ зыбгъэдэлъхэр, лъэпкъым и псэкІэр ихьыфІ, ихъ зэпэщІа хъуным, и щэнхабзэм зыкьинІэтыным хэлъхьэныгъэ хуэзыщІхэр. ЕджакІуэхэм егъэщІыхун хуейщ зыщыщсэу Хэкур: гъэсегъэщІэн хуейщ абы и дахагъыр, и Іофгъэныр, щІэх-щІэхыурэ егъэльагъэн хуейщ и мэз дахэхэр, и псы уэрэр, гуэлхэр, бгыхэр, кьуакІэхэр, губгъуэшхуэхэр, абыхэм щыпсэу псэущхьэхэр, кьищкІ Іэкъыгъэхэр.

Еджэныгъэ-гъэсэныгъэ Іуэхугъуэм нобэ зыужьыныгъэ ин игъэтэщ. ГъашІэм щІэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

●Шхыныгъуэхэр

Хьэкулъэкіэ гъэжьа кіэртіоф

Мыр зэрагъэхьыщыр тебз цыкіуш. Кіэртіофыр якъхэбз, псы щыІэкІэ ятхъэщІри, хъ урей пІащІэурэ ящІшат э. Тебэм псы щыІэ иракІэри, кІэртІоф упщІэтар зы сатыру иралъхьэ, абы шыгъ у, шыбжий плъыжь, дж дгъ ткаКІуТэ, шатэпс тракІэжри, бжьым цыинэ упщІэта трагъэщІэщэр. Аргуэру апхуэдэ сатыр иралъхьэ. Апхуэдэуэрэ тебэм из ящІ. И щІыІу дыдэм тель сатырым шыгъ трагъэщащэ, пІащІэ щыкІуэрэ кхъуей цынэ ящІыгъэ, зэхуэдэурэ тралъхьэ. Абы шатэ тракІэжри, хьэкулъэм ирагъэзыв. МафІэр мыин дыдэу, кІэртІофыр эЗаМыщІу дакьикъэ 27 - 30-кІэ яГъажьэ. КІэртІоф жьам и щхьэр тхъуэпІль дахэу щытын хуейщ. Тебэм зэрилъу Інэм трагъэувэри, пщтыру яшх. Пластэ, лэкъум, щІакхъуэ дашх.

Хальхьэхэр (цІыхуиш Іыхьэ):

Кіэртіоф укъэбзауэ - грамм 735-ра

Псыуэ - грамм 50

Бжьын цынэу - грамм 170-рэ

Шатэпсу - грамм 650-рэ

Кхъуей цынэу - грамми 150-рэ

Шатэу - грамми 100

Шыгъуу, шыбжийуэ, дж дгъ ину - узыхуейм хуэдиз.

К'ЪУБ АТИЙ Борис.

●Щыхушхуэхэм я гупсысхэр

ШыІэныгъэ зыхэлъым псори зрегъэхъулІэ

Зи псэр зэІухэ цІыхум и гури зэІухащ.

ШИЛЛЕР Фридрих, *нэмыщэ усакІуэ.*

Насыпыр зыхэтэхыр узыхуей псори пщІэн хуейуэ аракъым, атІэ пщІэ псоми хуеинэ хуейуэ аращ.

ТОЛСТОЙ Лев, *урыс ткаКІуэ.*

Іъабжьэ быдэ имыІэу ебгъэжьа Іуэхур купщІэнщэ мэхъу.

ГЁТЕ Иоганн, *нэмыщэ усакІуэ.*

ШыІэныгъэ зыхэтыим игу иІъ псори зригъэхъулІэфынэу Іэмал иІэщ.

ФРАНКЛИН Бенджамин, *америкэ щІэныгъэлІ.*

Сабэпынагъ зыпыІъ гупсысэ пэжыр нэхъыбэрэ жьпІэн, куэдрэ къытебгъэзэжьын хуейщ.

БУАСТ Пьер, *франджы лекикограф.*

●Еджакіуэхэм папщІэ

Сосрыкъуэрэ Тотрэшрэ

ХЭТХЭР:

Сосрыкъуэ

Сэтэней. Сосрыкъуэ и анэщ.

Тхъужьей. Сосрыкъуэ и шым и цІэращ.

Тотрэш

Бырымбыху. Тотрэш и анэщ.

Альп. Тотрэш и шым и цІэращ.

(Іупхьуэр пшыналъэ нэщхьейм щІэту зэІуэж. Нэр зытеплъэр гъуэджафэщ. Зы лъэныкъуэкІэ гъущ гъуэлыпІэ лъагэ щытщ. Абы шэтыр хужь пІащІэ тепхъуащ, узыпхыпльу. А зытеуэр пІащІэр жьы мащІэ къепщэм егъэхьей. Гъуэлыпіпэм кьехыр иувэн хуэдэу, жьихафэрэм пхъэ вакъэ лъагэ щытщ. Утыкум Інэ хьурей нтщ, Інэм Іэпсищ, зы псылъэ тетщ. Абы шэнтищ къеГъэувэжкІащ. Шэнтищри зэщхьу лъакъуэ дыкъуакъуэщ, я тІыгъуэ щытщ.

Сосрыкъуэ и нэгур зэзэуауэ, еззащэу, и щхьэри кьыфІэхуауэ кьохьэ. Інэм щхьэфІэхьэ, ауэ тетым хэмыІэбэу Іуэхкж. Псылъэрм кьешІэ, емыфэуи трегъэувэж. Ар нэщхьейщ.

Гъуэлыпіэм ильыр кьыуэфІотІысхьэ, и лъакъуэтІыр кЪрехьэхри, пхъэ вакъэм йоувэ. Шэтыр кІапэр дрехьейри, Сосрыкъуэ зэпеплъых. Сосрыкъуэ зыри жимыІэу щытщ кьоузэзэхри. Сэтэнейри а зэрышІещІ, Сосрыкъуэ йопІь. Абы щыгъэр жщ дж дз хужь пІащІэщ. И цІыхэш кІыхьыр кьежьыхащ. Сосрыкъуэ щыгъэр зекІуэлі фащэщ, ари, иджыпстУ, зау э къинкІыжам хуэдэщ; и мэлуху дыщафэр и Іэ сэмэгум зэрыІыщІэлщ, ижьыжиІэ кьамэ Інтщэр зэрнІыгъщ, и щхьэмри гъущ пыІэр зэрыфІэкьуащ).

Сэтэней: *(И нитІыр Сосрыкъуэ зэрытеубыдауэ, хужьмурэ кьрегъажьэ):* Сосрыкъуэу си кІан, Сосрыкъуэу си нэху, зи мэлуху дыщафэ, афэр зи дж дз кузщІ, дыгъэр зи пІы быдэщ, ижьыжиІэ нэщхьеІ, псом нэсри си джатэ, бгыр зыкьутэр зи бжьыцкъэ, уи щхьэр кьыфІэхуаи, уи фэр пыхьэ-пыкІи, уи гур ирагъэжІаи...Уэдэдэ Хасэм сытхэр щаухэс, Нартхэми я Хасэм сытхэри кьыщыльагъуэ?

Сосрыкъуэ *(кьыфІэхуауэ щытри и щхьэр кьеІэтэжри, гукъыдэжьыщІэу и анэм хуоплъэжІри жеІэ):* Уэ, си анэ Сэтэней, Сэтэнейуэ нарт гуащэ, си гъащІэр зи гущэ, фыз Хасэ щІэупщІэркъым, фыз упщІэж ирахьэлэркъым, езыхьэлІэр лІымыкьуэ.

Сэтэней Уэ Сосрыкъуэу си кІан, уи Сосрыкъуэу щІэрэ, уи си мыІуэу сэ зпэжькъым. Сосрыкъуэу лІы кьуэпцІэ, сэркІэ укъэмыпцІэ. Сэ уэ фызхэм сахъыжьмыжэ. Нарт шу щэс сыпащІ. Бгъуэу фыкьэсльхуакъым, пщІыуэ фезгъэзыжакъым. Щхьэ апхуэдэу унэщхьей, щхьэ тІуэу Іей уэ кьыпхуихку эжэт, хэт и лей кьыпльыст? Пльэгъуа-пщІахэр кьыщыкьІэ, ГъуэгУ хьыбарэр схуэІуэгъэ. Кьызжеп Іэни умыдэм, Ущхъуэу, си тхъэмыгъэпщІ, ди лъэпкъым ямыгъэпцІыжьк, сыпсэнуи сыхуэмеІ!

Сосрыкъуэ: Уэ си анэу Сэтэней, Сэтэнейуэ нарт гуащэ, гуащэ нэхуу куэфауэ, си шыр фІэздзэжащ, абы кьыжьІэнщ.

(Сэтэней кьызэфІоуэв. Мэлэбгри, щыІэ хьарир зытрепхьуэ. ЛъэбакъуищкІэ фІэкІа пэмыжьжьэу щыт щэнтжьеІи йотІысхьэ, и зы нэкІубгъур Сосрыкъуэжь гъэзэуэ. Ебыр адэІуэжь кьыщьтщи, абы йотсалъэ. Тхъужьей щепсалъэкІэ йопсэпъэжІ, Тхъужьей псалъэу езыр абы щедэІуэжь Сосрыкъуэ хуоплъэж).

Сэтэней: Уэ си Тхъужьжьеижьу дыгъужьым яшхьжьын. Фытхъэ-фыб жьэу фыдэжІри, фи фэр пыхьэ-пыкІыу, фи гур икІыпауэ дауэгущэ кхъвгъэзэжт?

Тхъужьжьеижьу шы закъуэ, си кьуэ закъуэр, кьызжьІэ, апхуэдизэу сытым игъэштэну хуэбгъаз? ИІэ, иІэ, Тхъужьжьеижь, си кьуэм кьызжьмыІэр уэ псынщІэу кьызжьІэ!

(Пшынальэ мафэ кІоІ. Сэтэней кьепсалъэм и зы тхъэкІуэмкІэ йодаІуэ, и нитІыр и кьуэм теубыдащ).

Тхъужьей Уей, Сэтэней, гуащэ, сэ кьаль-кьулымрэ гуль удзымрэ щІыщу зы тхъэмпи згъэзакъым. Дьжьныгъуэ хьэхъуэфэм итым щыщу, ди гущэ, зы псы Іуби сІухъукъым. Нобэ махуищ мэхъури Іусыр си Іуэхужькъым. Дэ дзІзыІущІахэр уи кьуэм кьеГъэІуатэ.

(Сэтэней щэнтым зыкьыгъреІэтыкІ. Губжькіэ гъэнщІа пшыналъэр хъущІэм хокІуэ. Сэтэней кьотэджри, щэнтым тетІысхьэ и кьуэм и пІэныкъуэмкІэ еунэтІ. Сосрыкъуэ кьыззефІотІысхьэри, и анэм и пащхьэ йоувэ, кьыжриІэнуи пэплъэу. Сэтэней и пэгум кьытощ щІагъуэ зэрыжимыІэнур).

Сэтэней: Уи щыр зы бзэмыІущ, уи убзэмыІутщ.

Сосрыкъуэ: Уэ си анэу Сэтэней, си гум иІъ бзмпІэжъуэр джатэм ирещІж. СхуэщІ гъуэмылэ, си анэ, щыпхькІэ ари псынщІабзэу, щыпшхкІэ ари Іэбзыбзэу.

Сэтэней *(и макъым зиІэтауэ, пшынальэми зифышІыжу):* Сосрыкъуэу си напщІэ, лІыбфІыцІэ гъущІынэ. У э нарт Хасэм пльэкІэхр кьешІэжепІэм щхьмыдэжкІэ - Ущхъуэу у си тхъэмыгъэпцІ, игъащІэм сымыгъэпцІа, жыр Іэнысстэр си Іэщэм! *(ЩІопхьуэ, щхьэнтэ щІагъэкІым щІоІэбэ, Іэмыстэ кьыщІехри, и бгъэм щыхисэм, Сосрыкъуэ зедзри, жыр Іэнысстэр кьыІущІехьж.)*

Сосрыкъуэ: *(Сэтэней и щхьэр Сосрыкъуэ и дамащхьэ сэмэгум тельщ, Сосрыкъуэ и Іэ ижьымкІэ и анэм и щхьэм Іуэтэж. Пшынальэр щабэщ, гуакІуэщ):* Сэтэнейуэ нарт гуащэ, гуащэхэм я лей. Дыгъэ бзийр зи нэкІу, дыщэжэ зи куэщІ, уэри зумылІэж! Ди яуажьІэ кьэхъуэнщ зэлІэж, зауКІыжу щапхъэ Іейр кьыкьмыгъанэ. *(ЕдэхащІэуэрэ гъуэлыпІэ нэзым трегъэтІысхьэ, езырри бгъуэтІысхьэжІ. ...* Дыгуаъсэрей Хасэм щыслъэгъуар бжеІэжщ. Уей, си анэу Сэтэней, Нарт джэгу сыщыбгъакІуэм, Нарт Хасэм сынэмащІэкІуэ, Нарт Хасэм сынэпэщІэту сыщыкъуэзэм. «ЛІыгъэ тегъэ ищІэркъым» жысІэщ сэри *(Сэтэней и кьуэм худотІысхьэ, и нэгум щІотІысхьэ),* дзжІІ зэхуакум сафІихьэщ, бжьщхьэ куэдри щыскъутэщ, хьэджэ-ладжи есщІэкІри, псом я лІы-гъэри згъэнахэущ. Нэху зыдэщым сышІэтхъуэрэ. Нартхэ кьыдагъэджати, зы хьэ закъуэ си гъ усэу, нарт шу гъ суи симыІэу Хасэ Иным сынэсащ. Нар т Хасэм сынэсауэ, «Шуашъхьэ фыдджэгу» нартыкьэ-щхьм щыжаІэм, Нартыкьэр бжьыкьэкІапэм псори зэрыщІэгъуауэ, гуэрэныгум сыкьыдэкІри, щыІэ вылІэу сыгъуаухьэщ, си лІыхьэбжьи кьэскъутэри, батырыбжьи кьызатащ.

Сэтэней: Уэхущ, си тІасэ!

Сосрыкъуэ: ...Хьэжьу и бзэфІи схуаІэтри, я афэ джанэр щыстІагъэри, Тхъужьеижьу щхьэщІыдзэм сыкъэшэсри, уей, си анэ, зы хьэ закъуэ си гъ усэу, нарт шу гъуси сымыІэу, хьэжэбжащэу сыкъежьжащ.

Сэтэней: Си псэм ищІат.

Сосрыкъуэ Къэблэ Банэкіэ нэзгъэзащ. Уий, икІыпІэ Таманыр кьызэпэуущхьуэрэ, сыкьеІуещэкІыжурэ, Арыхьщхьэкіэ сыкьихьащ. Кьуэ ебланэ сыдзжауэ, зы фІыцІагьи кьэсльэгъуащ.

Сэ тэней: Асс, мыгъуэ! Хэт, иджы ар!?

Сосрыкъуэ : ... Ящэ лъагъуэр сысеити, си хьэ, си бгъэ єзутІыпщщ, єзутІыпщхэр щІэрыхьэркъым. Ахэр щыщІэмыхьэм, Тхъужьеижьу щхьэщыщдзэм и щхуэмылакІэр сутІыпщщ, Тхъужьеижьыр ныщІоІэ, єЕ пэтми ныщІыхьэкъым. Сэ согубжьри, си анэ, зей дамэжьуэм и быдэр Іъужьеижьжьу щхьэщыщдзэм тызоКъутэр абдежьм.

Сэ тэней: Тепыдж! Накіуэ тІэжІу щхэ, Інэгъэ уХуащ.

(Сэтэней Іуэмэлій мыпльэхэу кьыпещэ): ...Тхъужьеижьу щхьэщыдзэм си мыхабзэу сыщеуэм, нарт уэгъуищыр нышесхьм, хьшхуэм хуэдэу сынэжьэ, жьшхуэм хуэдэу сынокІуэ. А фІыцІагъэу кьэсЛъагъуэм шым тесІауэ кьыщысщІэм, сыщІэгъэуэри - зыхиІэрэкьым, сыкІэпІыпІэри - сыщІыхьэркъым.

Сэтэней *(и щхьэ хужилэж фІэхуауэ):* Тхъужьеижь зыщІэмыхьэри зят хьуну?

Сосрыкъуэ *(кьыззщІэпльэуэ кьыпещэ):* Щыхьуэкъым, уей, си анэ, шабзэр нызэІуэдзэри, и бльпкъыщхьэм хезгъэсащ. Ари бзаруэ кьыщымыхьуэ зэІэбэкІри, хичыжащ. А шу закъуэм сыщІэмыхьэу кьэзгъэзэжри, арыхьэу, зы теузгъуэ кьэскІуэу, Арыкьыпщэм сыкьихьащ. СызоплъэкІри, а фІыцІагъэр ауэ жьыжьуэи сльагъэжьыркъым. АрыкьыкІэм сыкьихьауэ, теузгъунтІи кьэскІуэу, а шу закъуэр кьызэпІэкІщ, кьызэплъэкІри сыкьилъагъущ, и щхьэ жьэдэІэри кьиГъаззэщ, сыкьсщІэгъуэри зыхэсщІащ.

Сэтэней *(и Інтіыр зэщІмкІэ):* Ар сыту емыІэ!

Сосрыкъуэ: ...Кьыслъэщыщ-Іэри кьысщІыхьэщ. Кьэсмэ, уей, нартыкІуэт, бжьщхьэ дыкъ уакъуэт, мыкъутэр и бжьыкІт. А бжьыкІ жагъуэр Іэщакъуэти, си шы бэкъуэ кьыдидзэщ, си шыр игъэльэпатхъуэри, сэри сыкьиГъэхьуащ.

Сэтэней *(кьэгъэзвауэ кьыжьдэху):* Уэй, дунеи!

(Сосрыкъуэ и макъыр нэхъ лъахъщэ мэхъу; жьыжьэ кьпІукІым хуэдэу. Ар зытепсэлъэхэр, щІэнэм и адрей лъэныкъуэмкІэ кьыщІольагъуэ, езырэ Тотрэшрэ зозауэ. Мы тепльэгъуэм деж, Сосрыкъуэ ролитІ игъэзащІу мэхъу; зыр Іуэхум тепсэлъыхь джэгуэ-кІуэ; еТІуанэр Тотрэш езауэ).

Нэхъ нАІуэу жьпІэнуэм, щІенэр тІу ищІыщІащ. Зы лъэныкъуэмкІэ Сосрыкъуэрэ Тотрэшрэ зозауэ, адрей лъэныкъуэмкІэ Сосрыкъуэрэ Сэтэнейрэ итщ).

Сосрыкъуэ : ...ШхуэмылакІэр сІэщІигъэщ, гІуэзыр кьыкъих уэ, бжьпэкІэ кьэІебэри, си дзажэщІм кьридзащ. Бжэныцрэ зыхьэпІэу уэгум сыдрихьейщ, щІыпІэм сыкърихьэщ, пІэІу гущэкІэ щыхьэпридзри, нарт вагъэбдзэмиблэр блыпкъыпІэкІэ сигъэтхъуащ.

(Пшагъуэм хэту кьолъагъуэ. Сэтэней щысти, кьотэдж).

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

(Кьыкіэтлыкіуэнущ).

●Цыкіухэм факъыхуеджэ

Пройслер Отфрид

Уд фызыжь цІыкІу

(Нэмыщэ псысэ)

Уд фызыжь цІыкІум и дамащхьэм Абрахас къуаргъ псэлъэрфІ тесу тыкуэным щІыхьащ. Тыкуэнтетыр абы къыщышынакъым, сыт щхьэкІэ кІэщІэмэ, абы уд фызыжь зэи иІъэгъуатэкъым.

- Чы жьхапхъэ фиІэ?

- Ахьейми диІэ! - къэпсэлъащ тыкуэнтетыр. - Жьхапхъэ кьызэрыгуэкІи чы жьхапхъи диІэщ. Ухуейм цІыкІу дыдэхэри диІэщ, сабэр ирилъэщІыну.

- Хъэуэ, упсэу, сэ сызыхуейр чы жьхапхъэщ.

- КІы фІэлъу хьэмэ фІэмылъ?

- КІы фІэлъу, - жиІащ Уд фызыжь цІыкІум. - КІыр езыр сызыхуей дыдэщ. Ар кІэщІу щыт хъунукъым.

- Мыр хъуну пІэрэ? Нэхъ кІыхь, ди жагъуэ зэрыхъущи, диІэкъым, къригъэлъэгъуащ зыщІэм.

- Си гугъэмкІэ хъунущ, - и щхьэр ищІащ Уд фызыжь цІыкІум. - Сэ мыр къызощэху.

- Хуит сыкъэпщІмэ, пхуэзкІуэцІыслъхьэнщ, - жиІащ тыкуэнтетым. - Жьхапхъэр зэкІэщІопІие. ЗэкІуэцІыпхамэ, нэхъ тынщу пхуэхьынущ...

- ГукъэкІ уиІэщ! - къупльгуфІыкІащ Уд фызыжь цІыкІур, - ауэ зэкІуэцІуМупхи нэхъыфІщ.

- Уэзрыхуейщ! - тыкуэнтетым дхъшэр ибжри, Уд фызыжь цІыкІум бжэм нэс дэкІуэтащ. - Сэ уэ...

«Сурипщыл Іщ» - жиІэну хэта тыкуэнтетыр и жьэр ущІауэ кьэнащ: абы кьилъэтуащ Уд фызыжь цІыкІур чы жьхапхъэм зэрышэсар. Абы зыгуэрэхэр кьиІуэтмэтІымэри макІуэ-мэлъеІ - чы жьхапхъэр уэгум лъэтащ.

Ар жьыбгъэм ещхьт. НапІэзыпІэм унащхьэм нэхърэ нэхъ лъагэ ущІащ. Жьыг щхьэкІэ пІийм абы и кІэпхыным и нылъуэр кьыпынащ.

- Хуэму лъатэ! - кІиящ Абрахас. - Укъэхуэхынущ! Делэ ухъуа!

- Чы жьхапхъэр кьызэдаІуэркъым! - кьитыжащ жьэуп Уд фызыжь цІыкІум.

Чы жьхапхъэщІэри шы мыгъасэри тІури зыщ: ящэ щІыкІэ къэгъэГурыщІэн хуеинщ. Абы щыгъуэм кІэпхын фІэкІа зэфІэмыхтхъмэ, уи насып къикІаеу бжы.

Ауэ Уд фызыжь цІыкІур шууей Іэзэт. Дунейм темыхуэзэж чы жьхапхъэм тесу губгъуэмкІэ ирилъэщІ. Абы уи щыгъыныр зыфІэнэни зыщыжьэхэуэни щыІэтэкъым.

- ПщІэнур щІэ иджы! - текІиерт ар чы жьхапхъэм. - Куэд мыщІэу уезэшынщи, акъыли кьэщІтэнщ.

Чы жьхапхъэр ерыщу иужь итт къытесыр зытридзыну. Абы зэхьнЫгъэкІэ зыщІидзырт, щэцЫвауэ уафэгум лъагэу ихьэрт, зыкъригъэхуэхыжьырт, ауэ зыри хуэзфЕкЫртэкъым. Уд фызыжь цЫкІур быдэу чы жьхапхъэм тест.

ИкІэм-икІэжьым чы жьхапхъэм зиумысыжащ зэрешамкІэ. Ар иджы Іэсэт, къытесым и жьІэ фЫкІыртэкъым.

- Армыраи хабзэр! - къыпыгуфІыкІащ Уд фызыжь цІыкІур.

И щхьэм фІэлъ ІэлъэщІыр зэригъэзэхуэжщ, и бостейр иутхъупщІыжри, ар гуапэу чы жьхапхъэм тельэщІыхьри, мэзымкІэ иунэтІащ.

Апхуэдэу зэгурыІуа иужькІэ зэригъэпэжу абыхэм ІуэхуфІ куэд зэдалэжьащ.

Зэзэдзэкіар

МЭЛЕЙ ФатІимэщ.

●Гушыіэ

Зыгуэр ещІэ

Экзамен йокІуэкІ.

ЩІалэщІэр кьыщІохьэри, егъэджакІуэм и пащхьэм иль билетхэм хоІэбэ. Ящэр кьыхьехри, игу иринЫхьу єгъэтЫлъыж, єТІуанэр кьещІэтэри, ит упщІэхэм я жэуапэр ищІэркъым, ещанэр кьещтэри, зи гугъу ищІым щыгъуазэхэкьым, єГъэджакІуэм жеІэ:

- Куэдщ ар, уи зачеткэр кьиІэт, - жеІэри, «5» хурегъэувэ.

Адрей студентэр мыарэзыуэ щІоупщІэ:

- Сыт абы «3» щІыхуэбгъэувар? КЪилэжьакъым.

- Зыгуэр кьыщилъыхьэкІэ, зыгуэр ищІу кьыщІэкІынщ, - жеІэ єГъэджакІуэм.

●Псалъэжьхэр

Гынымрэ мафІэмрэ зэбийщ

◆Фалъэм имыт икІутынукъым.

Шэрджэс.

◆Гынымрэ мафІэмрэ зэбийщ.

Шапсыгъ.

◆Лъэхъэщым уихуэну тынищ, ауэ укъикІыжыну гугъущ.

Абхъаз.

◆Бзэм дышдфэ кьыщыштригъауи, фІей ущищІи щыІэщ.

Рутуль.

◆ШІэм зы щыху нукІмэ, псалъэм щыхуипщІ еукІ.

Аварр.

◆Псэлъэрейм и бзэгур и щхьэм кьоуэж.

Къумыкъу.

НапэкіуэщІ зыгъэхьэзырар НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.

Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу*: 8**. Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату зыбжанэрэ **15**. Іэуэльэрэ хаха, колхоз пашэм и тхьэмадзу куэдрэ щыта. *(Сурэт).* **9**. Куэду бэгъуауэ, пэрыхьэту щыт. **10**. Илъэс блэкІам зи ныбжьыр илъэс 90 ирикъуа адыгэ усакІуэ цІырыІуэ. **11**. Фошыгъу ныкъуэ щІыкІэ хадзэкІ. **12**. Осетие Ищхъэрэм - Аланиеи щыІэ кьалэ. Владикавказ и аэропортми абыкІэ йоджэ. **13**. Адыгэ щІыхьэ фащэм щыщ Іыхьэ. **14**. Адыгэхэр грузинхэм зэреджэ псалъэ. **15**. Шыгун. **53**. КІэ. **54**. Хъуп. **56**. Мысэ. **57**. Щыблэ. **58**. Абазэхэ. **59**. Хьэнтхъупс.

***Кьехьиу*: 1**. Іужажэ. **2**. Къуанан. **3**. Шэрхъ. **4**. Лъэпщ. **5**.Сэмб. **6**.ПкІауэ. **8**. Ерэн. **9**. Кьады. **16**. Блэ. **18**. Дз. **19**. ЩІэп. **20**. Хьэжапхъажэ. **22**. Чыгэ. **23**. Іущхъэ. **24**. Шындэбзий. **26**. Щхьэлыкъуэ. **27**. Пшагъуэбэ. **31**. ПщІэ. **32**. Гъупщ. **36**. Умар. **37**. Нэгъуд. **41**. ГъуеІэ. **42**. Пут. **44**. Къущ. **46**. Гъымбу. **48**. Псым. **49**. Хьэлэ. **50**. Псапэ. **52**. Нааз. **53**. КІахэ. **55**. Пхъэх. **56**. Матэ.

***Къехьу*: 1**. Куэд къэзыбж, къэзыпсэлъ, уқІытэ хэмылъу Іиапсэ. **2**.Ещанэ нэмаз щІыгъуэ. **3**. Нэсауэ, кІуапІэ имыІэжу, хуабжьу ... дахэ, ... дзгъэ. **4**. «... зэ упкІэри уІэщІэкІт, етІуанэу упкІэри, уІэщІэкІт, ещанэ пкІэгъуэм Іэмыщ Іэм укъинэт», - псалъэхэр зыхэт псэ. **5**. Кьэрал, Хэку, кьалэ, Іуапкъ дамыгъэхэм ящыщ зы. **6**. «Цыбылэхэ я гущэ дахэ» псалъэхэмкІэ кьыщІдзэ адыгэ уэрэдыжь. **7**. Псалъэхэри ежьри кьэзыгупсысурэ зэхэзыльхьэ. **16**. Гъэм и нэхъ бзаджэ зэман. **17**. Лъагъуныгъэрэ гущІэгъуэрэ зиІэ. **18**. «... техьэ ... тенэркъым». Псалъэжь. **19**. Мусиным дин пэжьжьІуэхэм ятеубгъуэ щыкІэу ящыгъ щыгъын щІыІуетІ. **22**. Адыгэ мазищІ. **23**. Сымаджагъэм кьыхэжьыну пщтыр хъунытхъэ. **25**. Совет Союзым и Лъхьэжьу щы, композитор щІэрыІуэ, Олимпи Джэгухэм я чемпион, тхакІуэ, егъэджакІуэ, нэгъуэщІ куэди кьызыхэкІа лъэпкъ. **26**. Пасьхьэ (Кубань) Іус лъэпкъ. **28**. Быльым пІащэм и щІэжьей. **30**. США-м, Канадэм, Индиеи, нэгъуэщІ кьэралхэм щыІэ административэ единицэ. **31**. Мэшым ещхьыкІэу кьаГъэсэбэп кьэкІыгъэ.

Зэхэзылъхьар

УЭРЫШ Нурхьэлийщ.



Мазаем и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкІуэкІыу*: 7**. Бжэндэхъу, **10**. Нэщіэпкіэ. **11**. Кьургьакъ. **12**. Бжэн. **13**. Хьы. **14**. Уш. **15**. Брул. **17**. Индыл. **21**. Пэч. **23**. Іуфэ. **25**. Хьэфэ. **28**. Псыжь. **29**. Гурыбж. **30**. Шухьэ. **33**. ПащІэ. **34**. Благъуэ. **35**. ГупкІэ. **38**. Кьумыкъу. **39**. Блэгъу. **40**. Бжэгъу. **42**. ПщІий. **43**. КІыр. **45**. Дау. **47**. Кьупщхьэ. **51**. Шыгун. **53**. КІэ. **54**. Хъуп. **56**. Мысэ. **57**. Щыблэ. **58**. Абазэхэ. **59**. Хьэнтхъупс.

***Кьехьиу*: 1**. Іужажэ. **2**. Къуанан. **3**. Шэрхъ. **4**. Лъэпщ. **5**.Сэмб. **6**.ПкІауэ. **8**. Ерэн. **9**. Кьады. **16**. Блэ. **18**. Дз. **19**. ЩІэп. **20**. Хьэжапхъажэ. **22**. Чыгэ. **23**. Іущхъэ. **24**. Шындэбзий. **26**. Щхьэлыкъуэ. **27**. Пшагъуэбэ. **31**. ПщІэ. **32**. Гъупщ. **36**. Умар. **37**. Нэгъуд. **41**. ГъуеІэ. **42**. Пут. **44**. Къущ. **46**. Гъымбу. **48**. Псым. **49**. Хьэлэ. **50**. Псапэ. **52**. Нааз. **53**. КІахэ. **55**. Пхъэх. **56**. Матэ.

●Еджакіуэхэм папщІэ

Букингем уардэунэр

ИнджЫлыз Пащтыхь гуащэм и унэр - Букингем уардэунэр - ящыщыпІа пасэрей пащтыхь унэ нэхъ ин, дахэ дыдэхэм. Ар жыг хадэ гъуэзэджитІым - Гринрэ Сент-Джеймсрэ - я зэхуакум дэтщ, апхуэдизэри и хъуреягъкІэ щыпІалъэгъур щхъуантІагъэ тщІэрэщІащ.

Хардэунэр иджыпсту здэщыт щІыпІэм деж нэхъапэм унэ гуэр итащ Гринг-хаускІэ еджэу. ИтІанэ, Чарльз ЕтІуанэм и тетыгъуэм щыгъуэ кьэрал лэжьакІуэ цІэрыІуэу щыта Эрпингтон графым и кьалэ резиденцэ хьури, абы цІэр фІащащ. А унэр 1703 гъэм ирахри, Букингем гЕрцогым и унафэкІэ унэщІэ ящІащ. Иджыпсту уардэунэм зэрихьэ щІэр кьызытекІар аращ.

Куэд дэмыкІыу, 1761 гъэм, пащтыхь Георг Ещанэм щхьэгъуэ кьиша нэужь, а унэр кьищэхужаго абы іыпІэдэрэ пащтыхь резиденцэ. А лъэхъэнэм Іэ ящІэнэ ауэ хьэмтетыгъуэр кьызылъыс дэтхэнэми уардэунэм зыгуэркІэ кьыпищІыхьым, нэхъ лъагэу дрищІейуэрэ теплъэ абрагъуэ, гъуэзэдж иІэ хъуащ. Иджыпсту иІэ тетыгъэ абы игъуэтащ 1913 гъэм.

Букингем уардэунэр уасэ зимыІэ гъуаздж хьэпшыпхэмкІэ щІэгъэнащ. Абы цІыху псори зэрыщІамыгъэхьэм кьыхэкІкІэ, Кьэрал пэшхэм щІэлъ хуГъуэфЫгъуэ хэр ящыуБэм телевизоркІэ яльагъуэу аращ. А хьэпшыпхэм уасэм щхэр Пащтыхь гуащэм и мылъкуэ зэрыщытым кьыхэкІкІэ, Пащтыхь Галереем пІалъэ-пІалъэкІэрэ щагъэлъагъуэ.

ИльэсыМ и кІыхьагъкІэ, псом хуэмыдэу гъэмахуэм, уардэунэм и лъэс лъагъуэ цІыкІум дуней псом кьикІа туристхэр щызэблокІ. Ахэр епГъыну яфІэфІщ Пащтыхь гуащэм и хъумакІуэхэр зэрызэблэкІым, апхуэдэуи Инджылызым и Пащтыхь гуащэр зэрымыщІэн я лъагъуным я гугъэр хах кьыщІэкІынкъым. Гуащэр уардэунэм щыщІэсым деж пащтыхь бэракьыр драгъэжей.

ШЫПШ Даянэ.

●ГъэщІэгъуэнщ

Редактор нэхъыщІхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Мариндж

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфыщіэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаес Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущіо Зариф, Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 5, еБгъуанэ - епщІанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; еГъэжьнигъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІаКІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуу зэпыту щытыкІэм.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьынымрэ пщІ дольщ КЪР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкІэ жэуап ехь КЪР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лъагэхъэм и 16-м №П-0065-м щІэту яТхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ КЪыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КЪБР, Налшык къалэ, Лениным и цІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжІыхъуэм елэжьахущ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Къумахуэ Аслъэн, корректорхэр Щоджэн Инэ *(1, 4, 5-нэ нат.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 3, 6-нэ нат.)*, корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу Цалий Марьят. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящащ* Мэзбахъуэ Анжелэ, ГъэхІэлі Рае, Щомэуэ Марианнэ. *Сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанинэ.

Номеры "Адыгэ псалъэ" и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233 ●Заказ №446